ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№47-48 (23.862) ● 2019 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм къыщахьа ехъулІэныгъэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын

**Алборэ СулътІан Борис и къуэм** - Аруан муниципальнэ щІыналъэм хабзэр къызэгъэпэщынымрэ щІыпІэ администрацэм и лэжьыгъэр зэкІэлъытыгъэкІуэнымкІэ и управленэм и унафэщІым

**Байсиев Хьэрун Мыхьэмэтджэрий и къуэм** - Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іуэхухэр зэкІэлъытыгъэкІуэнымрэ къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэмкІэ и управленэм и унафэщІым

**Мамхэгъ Хьэчим Алий и къуэм** - Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм хьихьэ Псыкіэху къуажэм и Іэтащхьэм

**Полиенкэ Александр Фёдор и къуэм** - Май муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ, дыкъэзыухъурехьэ дунейр хъумэнымрэ щІым ехьэлІа Іуэхухэм кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ,*
*2019 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м*
*№33-УГ.*

## КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ Бахъсэн щІыналъэм

**КІуэкІуэ Казбек мэлыжьыхьым и 23-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ Бахъсэн щІыналъэм. Республикэм и Унафэщым щыгъуазэ зищІащ Къубэ-Тэбэ къуажэм анэдэлъхубзэхэр куууэ щрагъэджу дэт пэщІэдзэ школ - сабий садым, Къулъкъужын Ищхъэрэм и курыт еджапІэ №3-м я лэжьыгъэр зэрызэтеухуа щыкІэм, спорт комплексымрэ бэнэкІэ хуитымкІэ, ІэпщэрызаузэмкІэ, тхэквондомкІэ секцэхэм яІэ Іэмалхэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщыр абы и ужькІэ КІуащ сабийхэр гъуазджэм щыхуагъаджэ, Къып М. и цІэр зезыхьэ школым. Абы скульптурэм, сурэт щыным, ІэпщІэлъапщІагъэм, лъэпкъ пшынэмрэ шыкІэпшынэмрэ еуэным, къэфэным зыхуагъасэу ныбжьыщІи 175-рэ йокІуалІэ. Къулъкъужын Ищхъэрэм дэт а еджапІэр «ГъуазджэхэмкІэ сабий школ нэхьыфІу 50» урысейпсо зэпеуэм щытекІуауэ щытащ, щІэблэм щІэныгъэ гуэдзэ етыным зегъэужьыным, а Іэнатіэм щызэтеухуа хъуа хабзэхэр хъумэным, ныбжьыщІэ зэчиифІэхэр къэгъэнэІуэным, методикэщІэхэр хэпщэным, егъэджакІуэхэм къыхалъхьэ технологиещІэхэр къэгъэсэбэпыным зэрегугъум папщІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм къыплъыхьащ къуажэм и амбулаторием. 1936 гъэм яухауэ щыта а унэр иджырей мардзхэм хуэкІуэжыркъым. Мы зэманым хопльэ зыхуэфащэ проект-сметэ тхылъхэр гъэхьэзырыным, иужькІэ а уху ныгъэр иджырей медицинэ Іуэхущ Іапі эхэр щІыным теухуауэ лажьэ программэм хагъэхьэн папщІэ.

Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм щыпсэуэхэм щахуэзэам щыгъуэ къалэтащ жьлэр псыкІэ ирикъуу къызэгъэпэщыным теухуа Іуэхур. Дызэрыт илъэсым я мурадщ псы зэрыкІуэ бжьамийуэ километрищ мыбы щаукъуэдиину. Абы Іэмал кытынущ псыр зэрахуримыкъум къыхэкІыу щІыухэр илъэс куэд хьуауэ зыхэт гугъуехьхэр зэмэщІэныкІэ. Мы Іуэхур, адрей жылагъэхэми я дежкІэ икъукІэ мыхьэнэзыуэ зиІэу щытыр, кІэлъыплъныныгъэ щхьэхуэм щІагъэуэнну унафэ ищІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Апхуэдэу, япэ игъэщауэ зэфІэгъэкІыпхъэ Іуэхухэм ящыщ къаІэлъэгъуащ «Куба - Псыхъурей - Крем-Константиновкэ», «Хьэтіохъущкъуей - Кълъкъужын Ищхъэ» автомобиль гъэзэгъэпэщыжыныр, Ислъэмей къуажэм и курыт еджапІэ №94-м кьепха, зи школ кІуэгъуэ мыхъуа цІыкІуэм щагкІэпыплъ Іуэхущ Іапі эм яслъэ гупхэм щадэлажьэну и къудамэр, Хьэтіохъущыкъуей къуажэм Щэнхабзэмкі и унэмрэ спорт ухэзнэгъэхэмрэ лажьэу яутІыпщыныр, сабий садэр Зеикъуэ, Ислъэмей, Куба жылэхэм, Хьэтіохъущкъуейм прогимназие, Зеикъуэмрэ Бахъсэнёнкэмрэ псыкІэ, гаскІэ къызэзыгъэпэщ объектхэр щыуэхэныр.

Гулъытэ хэха хуащІащ гъэгугъэр уухэным, къуажэхэмрэ гъэгу Іуфэхэмрэ кьабзагъэ и лъэныкъуэкІэ щыІэ щытыкІэхэм, зэІуэпэщ щыным, социальнэ Іэнатіэм щекІуэкІ уухэныгъэхэр и чэзум икІи фІагъ хэлъу зэфІэгъэкІыным кІэлъыплъыным.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

## КІуэкІуэ Казбек Іущ Іащ Кавказ Ищхъэрэ гъущІ гъэугум и унафэщІ Пястолов Владимир

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щыхуэзащ «Урысейм и гъущІ гъэгуэхэр» ОАО-м и къудамэм - Кавказ Ищхъэрэ гъущІ гъэугум - и унафэщІ Пястолов Владимир.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ щІыналъэхэр зэпызыщІэ гъэугум адэкІи зегъэужьыным, ар тэмэму лэжьэным пыщІа Іуэхухэм. Апхуэдэуи къыхагъэщащ гъущІ гъэугу Іэнатіэм къыпэщІэ чэзу къалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ зэдэлэжьэну зэрыхьэзырыр.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

## КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ ВТБ Банкым и Іуэхущ Іапі эу Ставрополь крайм, Дагъыстэн Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щыІэ и унафэщІымрэ тепсэлъыхьащ финанс-кредит Іэнатіэм щыздэлэжьэным пыщІа Іуэхухэм

**КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм вэсэмахуэ щыІущІащ Ставрополь крайм, Дагъыстэн Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щыІэ ВТБ Банкым и унафэщІ Дыренкэ Александр.**

ЗэІущІэм щызэпкърахащ инвестицэ, инфраструктурэ проектхэм зэгъусэу елэжьыным, хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ хэтхэм защІэгъэкъуэным, абыхэм льготэкІэ мылъку яхуэхъунымкІэ щыІэ Іэмалхэри къагъэсэбэпыным ехьэлІа Іуэхухэр. ВТБ-р иджыпсту ящыщІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм хэлъхьэныгъэ нэхъ ин хуэзыщІ инвесторхэм.

Пъэнжыкъуэхэм къыкагъэщащ финанс-кредит Іэнатіэм дяпэкІи зегъэужьыным, инвестицэхэр къызэщІагъэуІуэнымкІэ сэбэп хъуну щытыкІэхэр къызэгъэпэщыным, цІыхухэм хуащІэ банк Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным пыщІа Іуэхухэмкі адэкІи быдзэ зэпыщІауэ зэрызэдэлэжьэнум шэч къызэрытрамыхьэр.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

## КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Терроры пэщІэтыныкІэ и комиссэмрэ Оперативнэ штабымрэ я зэІущІэ

**Мэлыжьыхьым и 23-м КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Терроры пэщІэтыныкІэ и комиссэмрэ Оперативнэ штабымрэ я зэІущІэ.**

АБы хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ І Мусуков А. Т І., КЪБР-м кьеГъэщІылІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачёв Е. А., хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ ІутІыжыр, Гъатхэмрэ Лъжьыгъэмрэ, Хэку зауэшхуэм къыщахьа Текіуэныгъэр илъэс 74-рэ щирикъу махуэшхуэкІэ гъэлъэпІэным зыщыкъуагъэхьэзыркІэ, ахэр щрагъэкІуэкІкІэ жылагъуэ шынагъуэнщагъэр къызэгъэпэщыным.

Диным хальхьэ егъэлеиныгъэхэм щІалэгъуалэр демыгъэхьэхыным хуэунэтІауэ екІуэкІ лэжьыгъэм и гугъу щІидым, КІуэкІуэ К. В. жиІащ АТК-м и эксперт советым, гражданскІ жылагъуэм и институтхэр, щІэныгъэ Іэнатіэм, дин Іуэхущ Іапі эхэм я лІыкІуэхэри щытІуэу, къэралым а Іэнатіэм щригъэжІуэкІ политикэр пхыгъэкІыныр къызэгъэпэщыным яужь итым, и лэжьыгъэр игъэлъэщын зэрыхуейр.

Зытепсэлъыхь Іуэхухэм ятеухуауэ зэІущІэм докладэр щащІащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі министру КЪБР-м щыІэ Ромашкин И. К., республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ М. Л., министр Къэзышырокъуэ З. Къ., УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м и щыІэм и унафэщІ Надежин М. В., Урысей гвардием и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІым и къудэзэ ХьэщІэмыз З. Н. сымэ.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

## ЩІыналъэм и зэфІэкІыр зыхуэдэнур къагъэлъагъуэ

**● КЪБР-м и Парламентым**



«ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ хухах сыхьэтым» хьыкъу, депутатхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2034 гъэм нэсыху социально-экономикэ зыужьынырэ игъэтын хуейм хуэунэтІауэ ягъэбелджылу Іуэхухэр зэрагъэзащІэм.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** зэрыжиІамкІэ, «Урысей Федерацэм зегъэужьыныкІэ стратегие къалэнхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ закон №172-ФЗ-м илъ иткІэ ягъэбелджылащ къэралым и щІыналъэхэмрэ муниципальнэ щІыпІэхэмрэ ягъэхьэзырын хуей дэфтэрхэр.

2018 гъэм къащтащ «КЪБР-м зэрызиужьыну стратегием теухуауэ» КЪБР-м и Законыр. Республикэм щолажьэ щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэунэтІа къэрал программэ 23-рэ.

- 2019 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу республикэ къэрал программэхэм хухаха мыльку сом мелард 29,8-рэ мэхъу. Абы щыщу республикэм хилъхьэ сом мелард 22,7-рэ, федеральнэ бюджетым и къыхэкІыр сом меларди 7,1-рэ мэхъу, - къыхиутэщащ министрым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрызиужьыну стратегиер зэрагъэзащІэм кърикІуа Іуэхугъуэ зэхъыщІхьэхэм къыщыстеувыІэм, Рахаевым къыхиутэщащ инвестицэхэм къата хэхъуэр процентэ 6,2-рэ зэрыхъуэр. ЛэжьапІэншэхэр процентэ 10,9-рэ хъун хуеяти, мы зэманым ар процентэ 10,5-м нос. Яухуа унэщІэхэм метр зэбгъэзэнатІэ мин 433-рэ къызэщІаубыдэ. Налогымрэ налогым щымыщ хэхъуэхэмрэ кьапэкІуэнур зыстрацыкъуа сом мелард 16,1-р, кьапщтэмэ, иджыпсту сом мелард 16,6-рэ мэхъу. НэгъуэщІ щІыналъэхэм иращам доллар мелуан 35,7-рэ кьыпэкІуащ (доллар мелуан 20,7-м и пІкІэ).

Рахаев Борис жиІащ а бжьыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэр республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр ипэкІэ зэрыкІуатэр.

Апхуэдэуи министрым дыщІигъуащ республикэм къыщалэжьа псор 2018 гъэм сом меларди 140,7-м зэрынэсар. Къэбгъэпэлъэныгъэмэ, бизнесым зэрызыщІрагъэужьыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр 76-нэ увыпІэм кьикІри, 55-нэм къэкІуащ.

Рахаевым жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм епха Іуэхухэр 2040 гъэм нэсу зэрызэхагъэувари.

- Абы делэжьащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек пщэрыль къызэрытщищІам тету. Псом хуэмыдэу гулъытэ хуэтщІыну республикэ унафэщІым къытхуигъэльэгъуащ щІыналъэм къыщалэжьым къыпэкІуэр тІукІи хэдгъэхъуэныр. Апхуэдэуи къыхэгъэщыпхъэщ 2019 гъэм республикэр и ужь зэрихьар лъэпкъ проектхэр игъэзащІэну - УФ-м и Президентым 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъкІа Унафэ №204-м къызэрыщыгъэльэгъуам тету, - жиІащ министрым.

Рахаевым дыщІигъащ 2040 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и стратегием теухуауэ КЪБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым мы зэманым республикэ унафэщІэр зэрыхэпльэр. ЩІэуэ яубыхуэ дэфтэрым къыщІэльэгъащ 2040 гъэм ирихьэлІэу щІыналъэм и зэфІэкІыр зыхуэдэну зыщІигуГуныр лъэпощхьэпохэр къызэрызэранэкІыну щІыкІэмрэ.

ЗэІущІэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ КЪБР-м хьэрычэт Іуэхум щІэгъэкъуэн хуэхъу и щІыналъэ фондым и лэжьыгъэм, республикэм ираш хьэпшыпхэмрэ кьраІэмэрэ ехьэлІа лэжьыгъэм, нэгъуэщІхэми.

***КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.***

## КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м зэхэтынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

***КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.***

**● Хъуэхъу**

## Тхуэмахуэн ирехъу!

Си лъэпкъэгъу лъапІэхэ! Мэлыжьыхьым и 25-м догъэлъапІэ адыгэ псоми ди зэхуэдэ гуфІэгъуэр - ди Ныпым и махуэр. ЛІэщІыгъуэ куэдым къыпхыкІа ди ныпым и пщІэр нэхьри тІэту, абы и жьауэм дыщІэту, ди Іуэхуэр дэкІ зэпыту дыпсэуну Тхьэм жиІэ.

Нобэ адыгэхэр - шэрджэсхэр къэрал куэдым щопсэу икІи лъэпкъым и щэнхабзэр, бзэр, хабзэр хуэсакъыу зэрахъумэр дэни щагъэлъагъуэ, зэрыс щІыналъэхэм зегъэужьыным, ахэр егъэфІэкІуэным я зэфІэкІ хальхь.

Си гуапэу сынывохъуэхъу ди махуэ лъапІэмкІэ. Ирехъу Адыгэ ныпым и махуэр тхуэугъурлин. Мамырыгъэ, фІыгъуэ, насып, ефІэкІуэныгъэ дэтхэнэ адыгэ унагъэмэ ми махуэ лъапІэм Тхьэм кьытхудигъакІуэ!

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ І акІуэ гупым къыбгъэдэкІыу СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий.**

**КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ І Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм депутатхэр Іуэхугъуэ 40-м щІигъум щыхэплъащ.**

## Нобэрэ пщэдейрэ

**Мэлыжьыхьым и 25, *махуэку***

**♦Астрономием и дунейпсо махуэщ**

**♦Техьэгъуэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**

**♦ДНК-м и дунейпсо махуэщ**

**♦Италиер фашизмэм къыщыІэщІагъэкІыжа махуэщ.** 1945 гъэм фашист диктатор Муссолини Бенитэ къэралым ирахуауэ щытащ.

**♦Адыгэ ныпым и махуэщ**

**♦1901 гъэм** США-м и Нью-Йорк штатым дунейм щыпэу къагъэсэбэпу щыщІадзащ автомобилхэм траль-хьэ номерхэр.

**♦1920 гъэм** Налшык япэ медицинэ Іуэхущ Іапі э къыщызэІуахащ.

**♦1942 гъэм** Москва къыщызэрагъэпэщащ «Госнак»-м ахъшэ къыщыщІагъэкІи Іуэхущ Іапі эр.

**♦1945 гъэм** СССР-мрэ США-мрэ я дзэхэр Германием щыІэ Эльбэ псы Іуфэм деж щызэхуэзащ.

**♦1945 гъэм** Сан-Францискэ (США) къыщызэІуахащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Уставыр зэхэлъхьэным теухуа дунейпсо конференцыр, къэрал 50-м я лІыкІуэхэр зыхэтар.

**♦2007 гъэм** щІалъхьащ Урысейм и япэ Президенту щыта Ельцин Борис.

♦Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым щэнейрэ и ЛІыхъужь **Будённый Семён** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Совет композитор-уэрэдус, СССР-м и цІыхубэ артист **Соловьёв-Седой Василий** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦АР-м и цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Льостэн Исуф** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Яковлев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Кононов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ Іэзэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Къуэдз Іэбубэчыр** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, политик, ЛДПР партым и къызэгъэпэщакІуэ икІи и унафэщІ **Жириновский Владимир** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым и командэ къыхэхам хэту Олимп джэгуэхэм щэнейрэ щытекІуа **Третьяк Владислав** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦КъШР-м щІыхь зиІэ и артистка, КЪБР-м и цІыхубэ артистка **Щэрмэт Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, къэралІэжьакІуэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градуси 6 - 9 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 26, *мэрем***

**♦ЩІыху акъылым кьиІэжьа мыпкъум и дунейпсо махуэщ**

**♦Радиацэ къэхъукъащІэхэм я зэранкІэ дунейм ехьжакэм я фэеплъ махуэщ**

**♦Тэтэр Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - я анэдэлъхубзэм и махуэщ**

**♦Марий Эл Республикэм щагъэлъапІэ лъэпкъ лІыхъужьым и махуэр**

**♦1658 гъэм** Урысейм и пащтыхь Романов Алексей и унафэкІэ Москва и Кремлым и чэщанэ нэхъыщхьэм и цІэр Спасскэ жиІэу зэрахъуэкІащ.

**♦1828 гъэм** Урысей империем Уэсмэн къэралыгъуэм зауэ ирищІыІащ.

**♦1952 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу хахащ.

**♦1954 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэр арэзы тезхъуащ и Президиумым къищта унафэм, Кърым областыр РСФСР-м хэгъэкІауэ Украин ССР-м хэгъэхьэным теухуам, икІи Совет Союзым и Конституцэм зыхуэфащэ зэхуэкІыныгъэхэр ихьхьащ.

**♦1986 гъэм** къуэщ Чернобыль дэт атом электростанцыр. И лъэщагъэр ар хуэдэ 500-кІэ нэхъ гуащІэт 1945 гъэм США-м Хиросимэ щридзыха бомбэм нэхърэ. Радиацэм СССР-м и щІыналъэм щыщу километр зэбгъуэзнатІэ мини 155-рэ ящІэлІат, абы щыпсэу щыху мелуаниблым я гъащІэмрэ узынщагъэмрэ я зэран екІынкІэ шынагъуэу.

**♦1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ І Ельцин Борис Іэ щІидзащ «Лей зытехьа лъэпкъэр гъэзэхуэныным и Іуэхукіэ» Законым.

♦Совет эстрадэм и артист, СССР-м и цІыхубэ артист **Акопян Арутюн** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦АР-м и политикэ лэжьакІуэ, театровед, журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЩІхьэлахъуэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей тележурналист **Киселёв Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, Тамбовскэ областым и администрацэм и унафэщІ **Никитин Александр** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

**● Хъыбар гуапэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ Урысейм и электросетевой комплекс Іэнатіэм щынэхъыфІ щІыналъипщІым

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ Іущ Іащ «Урысей сетхэр» ПАО-м и генеральнэ директор Ливинский Павел.**

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ электрокъарум елэжь Іэнатіэм лъэныкъуэхэр адэкІи щэщІауэ щызэдэлажьэныр щІыналъэм и электросетевой комплексым Іуэху къызэгъэпэщыкІэщІэхэр ехьэлІа жэрдэмхэм.

КЪБР-м и Правительствэм и унафэщІхэр, Кавказ Ищхъэрэм и МРСК Іуэхущ Іапі эм я лІыкІуэхэр, «Урысей сетхэм» я топ-менеджерхэр хэту иужькІэ ирагъэкІуэкІа зэхуэсым кърихьэлІахэм захуигъаззэри, Ливинский Павел жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и электросетевой комплексыр и зэфІэкІкІэ КИФЩІ-м щынэхъыфІхэм ящыщу къызэрильытэр: «Бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьам къэрикІуахэм япкъ иткІэ, щІыналъэм Урысейм егбгъаныр увыпІэр щиубыдащ. Щэч хэмылъу, ар Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм, властым и органхэм я егугъуныгъэмрэ республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм а Іуэхум гулъытэ хэха зэрыхуищІамрэ я фІыгъэщ. Дэ сетхэм адэкІи зедгъэужьынущ, щІыналъэм щыпсэухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ».

Энергиеу Къэбэрдей-Балъкъэрым щафІэкІуэдыр гъэмэщІэнымкІэ программэм и гугъу щищІым, Ливинский Павел къыхихиГэщащ, 2022 гъэ пщІондэ зыхуэфащэ Іуэхухэр ирагъэкІуэкІын папщІэ «Урысей сетхэм» сом мелуан 900 къызэраутІыпщынур. «Урысей сетхэр» компаниемрэ Правительствэмрэ апхуэдэзу зэхалъхьащ сетевой комплексыр езыгъэфІэкІуэну гъэугу картэр: «Энергиеу къагъэсэбэпыр къззыгъэзэгъэуну Іэмэпсымэ лъэщ мин 40-м щІигъу дгъэувынущ дэ, электрокъарур зэрыкІуэ кІапсэу километри 135-рэ зэдгъэпэщыжынущ. Энергиеу кІуэдыр дгъэжэщІэным хуэзыу сом мелуани 131-рэ къэхьынущ. А ахъшэхэр хухахынущ республикэм и сетхэр егъэфІэкІуэным», - жиІащ Ливинскэм.

«Урысей сетхэм», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек, - нобэ къагъэлъагъуэ къэралым а и Іэнатіэм зэхъуэкІыныгъэфІхэр зэрыщрагъэкІуэкІыр икІи ар республикэ властым и органхэми даІыгъ».

Къыхалъхьа Іуэхухэм щытепсэлъыхьыным, «Урысей сетхэм» я Кавказ Ищхъэрэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Иванов Виталий къыхилъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» Іуэхущ Іапі эмрэ стратегие мыхьэнэ зиІэ, илъэс куэдым тещІыхьа зэгурыІуныгъэ зэрагъэпІэну, абы Іэ тедзэнми зэман гъунэгъум хэпльэну Іэмал зэрыщІэр.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

## Щ І ы н а л ъ э м и з э ф І э к І ы р зыхуэдэнур къагъэлъагъуэ

**КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ**

**КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ І Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм депутатхэр Іуэхугъуэ 40-м щІигъум щыхэплъащ.**

«ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ хухах сыхьэтым» хьыкъу, депутатхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2034 гъэм нэсыху социально-экономикэ зыужьныгъэ игъэтын хуейм хуэунэтІауэ ягъэбелджылу Іуэхухэр зэрагъэзащІэм.

КЪБР-м экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** зэрыжиІамкІэ, «Урысей Федерацэм зегъэужьныкІэ стратегие къалэнхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ закон №172-ФЗ-м илъ иткІэ ягъэбелджылащ къэралым и щІыналъэхэмрэ муниципальнэ щІыпІэхэмрэ ягъэхьэзырын хуей дэфтэрхэр.

2018 гъэм къащтащ «КЪБР-м зэрызиужьыну стратегием теухуауэ» КЪБР-м и Законыр. Республикэм щолажьэ щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм хуэунэтІа къэрал программэ 23-рэ.

- 2019 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу республикэ къэрал программэхэм хухаха мыльку сом мелард 29,8-рэ мэхъу. Абы щыщу республикэм хилъхьэ сом мелард 22,7-рэ, федеральнэ бюджетым и къыхэкІыр сом меларди 7,1-рэ мэхъу, - къыхиутэщащ министрым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрызиужьыну стратегиер зэрагъэзащІэм кърикІуа Іуэхугъуэ зэхъыщІхьэхэм къыщытеувыІэм, Рахаевым къыхиутэщащ инвестицэхэм къата хэхъуэр процентэ 6,2-рэ зэрыхъуэр. ЛэжьапІэншэхэр процентэ 10,9-рэ хъун хуеяти, мы зэманым ар процентэ 10,5-м нос. Яухуа унэщІэхэм метр зэбгъэзэнатІэ мин 433-рэ къызэщІаубыдэ. Налогымрэ налогым щымыщ хэхъуэхэмрэ кьапэкІуэнур зыстрацыкъуа сом мелард 16,1-р, кьапщтэмэ, иджыпсту сом мелард 16,6-рэ мэхъу. НэгъуэщІ щІыналъэхэм иращам доллар мелуан 35,7-рэ кьыпэкІуащ (доллар мелуан 20,7-м и пІкІэ).

Рахаев Борис жиІащ а бжьыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэр республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр ипэкІэ зэрыкІуатэр.

Апхуэдэуи министрым дыщІигъуащ республикэм къыщалэжьа псор 2018 гъэм сом меларди 140,7-м зэрынэсар. Къэбгъэпэлъэныгъэмэ, бизнесым зэрызыщІрагъэужьыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр 76-нэ увыпІэм кьикІри, 55-нэм къэкІуащ.

Рахаевым жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм епха Іуэхухэр 2040 гъэм нэсу зэрызэхагъэувари.

- Абы делэжьащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек пщэрыль къызэрытщищІам тету. Псом хуэмыдэу гулъытэ хуэтщІыну республикэ унафэщІым къытхуигъэльэгъуащ щІыналъэм къыщалэжьым къыпэкІуэр тІукІи хэдгъэхъуэныр. Апхуэдэуи къыхэгъэщыпхъэщ 2019 гъэм республикэр и ужь зэрихьар лъэпкъ проектхэр игъэзащІэну - УФ-м и Президентым 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъкІа Унафэ №204-м къызэрыщыгъэльэгъуам тету, - жиІащ министрым.

Рахаевым дыщІигъащ 2040 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и стратегием теухуауэ КЪБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым мы зэманым республикэ унафэщІэр зэрыхэпльэр. ЩІэуэ яубыхуэ дэфтэрым къыщІэльэгъащ 2040 гъэм ирихьэлІэу щІыналъэм и зэфІэкІыр зыхуэдэну зыщІигуГуныр лъэпощхьэпохэр къызэрызэранэкІыну щІыкІэмрэ.

ЗэІущІэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ КЪБР-м хьэрычэт Іуэхум щІэгъэкъуэн хуэхъу и щІыналъэ фондым и лэжьыгъэм, республикэм ираш хьэпшыпхэмрэ кьраІэмэрэ ехьэлІа лэжьыгъэм, нэгъуэщІхэми.

***КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.***

Льэпкъ Іущ Іуэ:

**Бацэхэплъ нэплъэжьыгъуэ егъуэт.**

● Мэлыжьыхьым и 25-р Адыгэ ныпым и махуэщ

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Шабзищымрэ вагъуэ пщыкІутІымрэ я тхьдэр

**Ныпыр лъэпкъ щхьэхуэр е къэралыр адрейхэм къаХэсыгъэбелджылыкІ дамыгъэщ.**

ШЭРДЖЭСХЭМ (адыгэхэм) я ныпыр Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ зыбжанэмрэ (Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм) Тыркум щы-псэу адыгэ хэхэсхэмрэ зэрахьэ. Апхуэдэуи ар Адыгэ Республикэм и къэрал ныпхъуад.

Адыгэ ныпыр щхьІ удзыфэ плимэщ, вагъуэ дыщафэ пщыкІутІэ зи пэхэр дзгъэзеиуэ зэблэдза шабзищэ абы тетщ.

Вагъуэ пщыкІутІым адыгэ лъэпкъ нэхъыщхьэхэр къагъэлъагъуэ: къэбэрдейхэр, шэрджэсхэр, кІэмыргуейхэр, бесЛъэнейхэр, шапсигъэхэр, бжьэдыгухэр, абазэхэхэр, жанейхэр, мамхэгъэр, мэхъуэшхэр, хьэтыкъуейхэр, убыххэр.

Адыгэ ныпыр къыхэзрыпхуэхэм и тхьдэ гъэщІагъуэм къыхощ инджылыз дипломат, тхакІуэ, Инджылызым и лЫкІуэхэм я Іуэхущ Іанбэу Константинополь дэтам (1805 - 1877 гъгъ.) и секретарь Уркварт Дэвид 1838 гъэм накъыгъэм и 23-м Шотландиием и Глазго къалэм къыщипсэлъам. Абы жиІар Шэрджэс Комитетым 1863 гъэм къыщытригъэдзауэ щытащ Лондон къалэм.

А зи гугъу сщІы тхыгъэ дыдэр Лондон къалэм дэт Британие библиотекэм си нэкІэ щыІэзэгъэлъагъэну, сыкъыщеджэну си насыпэ къыхьащ 2018 гъэм и гъэмахэм.

Уркварт шэрджэс лъэпкъыр мыпхуэдэ псалъэ зэпхаХэмкІэ къегъэлъагъуэ: «щауэ къекІуэхэмрэ» «пщащэ щыкІафІэхэмрэ». Апхуэдэуи дыщегъуэ Шэрджэсыр усыгъэм и щІыналъэу къызэрильытэр, урыс пщыдзэхэм шэрджэс зауэлІхэм я шыфэлЫфэмрэ я зэфІэкІымрэ пщІэ зэрыхуащІыр.

Абы къеІуэтэж, шэрджэс лъэпкъыр нэхъ гъунэгъуу зригъэщІыхун мурадкІэ, абыхэм я щІым Іэщэншэу икІи и закъуэу къыщыхутаУэ зэрыщытар. Ятэщ Іыкъэ гузэвами, абы быдэу и гум ирилъхьат: «е сызыхуейр къызэхъуЛэнщ, е ар зэзгъэхъулІэну сыхущІэхъуурэ сыЛІэнщ».

Гъэщ Іэгъуэнщ абы адэкІэ и гупсысэм зэрызригъэуэжыр. «ПсалъэкІэ къыпхуэІуэтэнукъым мы щІыхэхэм си гур зэратхьэкъуар, абыхэм ятыщІа сызэрыхъуар», - зыкъеумыс Уркварт икІи мыпхуэдэ уПщІэ зэретыж: «Дауэ зи бжьыгэр апхуэдэу мащІэ (а зэманым мелуанищ - мелуаниплЫм нэблагъэ хъууэ арат) шэрджэсхэм илъэс минитху тхыдэм къриубыдэу я щхьэхуитыныгъэр зэрахъумэжьфар, хамэ я къарухэм зэрапэщІэтыфар?!».

А упщІэм и жэуапыр Уркварт къыщегъуэт шэрджэсхэм я гъэсэныгъэ лъагэмрэ зэритхьэкъуам тепсэлъыхьыр, ар мыпхуэдэ гупсысэм хуокІуэ: «ЦІыхуу дунейм тетым яхуэщхьэпэну Іуэхугъуэ куэд Кавказ щІыналъэм къыщыбгъэтынущ».

Уркварт етх шэрджэсхэм я лъэпкъ зэхэщІыкІыр къИэтын, я лъахэм хуаІэ лъагъуныгъэр къызэщІигъэушэн, ахэр зэкъуэт зыщІын дамыгъэ, нып е нэщэнэ гуэр къахуигупсысыну мурад ищІауэ зэрыщытар.

Ныпыр удзыфэу щытыну абы къыхилъхьащ. «Адыгэхэм я къуршхэр зыхуапэ икІи я диныр къзэыгъэльагъуэ плЫыфэращ къыхэсхэр. Абы къыщыгъэльэгъуащ шабзэ зэблэдзахэмрэ таж щыкІэу абыхэм къащхьэщыт вагъуэхэмрэ - я щхьэхуитыныгъэмкІэ Тхьэшхуэр къазэрыхуэпсам иригъэупсыу», - жеІэ.

Шэч хэлъхьэм Уркварт Дэвид политикэ мурадхэри зэриІам. Шэрджэсхэм я Іуэхур ядиІыгъыу, Урысей, Уэсмэн, Инджылыз къэралыгъуэхэм я зэхущытыкІэнур адыгэхэм а зэманым зыгуэркІэ къелъытауэ зэрыщытар зэрызэхихщІэр нэрылъагъуу. Тхьдэ и лъэныкъуэкІэ адыгэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІа а лъэхъэнэм Іыпкъым унафэ мытынщхэр ищІын хуейуэ къыпхьыкъуэкІат. ГурыІуэгъуэщ зи щхьэ Іуэку зезыхуахэм я зэран лъэпкъ псом къызэрекІар. Дапхуэдэу мыхъуамэ, Уркварт Дэвид шэрджэсхэм ятеухуауэ къигъэна тхыгъэхэр, лъэпкъ дамыгъэу ноБэ къыдгъэсобэп ныпым и тхьдэм абы хуищІа хэлъхьэныгъэр икъуэгІэ гъэщІэгъэнщ, псом хуэмыдэу Адыгэ ныпым и къэрал щагъэлъапІэм ирихьэлІэу уэпльэжьыну, уегупсысыну.

**МЭРЕМЫКЪУЭ Эллеонорэ,**
*филологие щІэныгъэхэм я кандидат.*

**Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм яхэлъащ хахуагъэ, псэемыблэжагъ, жэуаплныгъэ, нэгъуэщІ хьэл-щэн дахэхэри. Абы и щыхьэтщ ди лъахэм и бын куэдым къакІуа зауэ гъуэгуанэхэр, эрахьа лЫыгэр, ягъэлъэгъуа щапхъэфІхэр.**

ХЭКУ зауэшхуэм жыджэру хэтахэм, зи кьалэныр хьэлэлу, зэчиифІэу зыгъэзэщІахэм, ди лъэпкъым и тхыдэм зи щІэ-унэцІэр дыщэ хьэрфхэмкІэ хатахэм ящыщщ Нэхущ Мырзэбэч (абы куэдыр Борискіэ еджэрт) Мэрем и къуэр.

Ар 1923 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м ХьэтІохъуыщкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) кьуажэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэр игъэкІуащ гурыхуагъэкІэ, Іэужьыфі хэмкІэ хьэблэ сабийхэм кьаХэщу. Кьуажэ еджапІэр хъарзынэу къиухащ. Абы тетхуэа гуфІэгъуэ пщыхьэщхьэр екІуэкІащ 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21 жащым. Іэджэм щІэхъуэпсырт зи щІалэгъуэ, зи дахэгъуэ ныбжьыщІэхэр. Ауэ абыхэм ящыщ куэдым кьапэплъэр зауэ гущІэгъуншэм и гъуэгуанэ гугъуахэрт.

Мэкъуауэгъуэ маздм кьрюубудэу Зэ Пльыжьым ираджахэм яхэтащ Нэхущ Мырзэбэчи. Ар Мэздэгу деж щыхурагъэджащ бийм и танкхэр зэрыпкъутэфыну Іэмалгъэм. ИтІанэ ягъэкІуащ Волхов фронтым. Жылагъуэ зыкъомым щызэуащ, танк зэракъутэ фочыр Іэщ Іэлъу. Іэкіуэлъакіуэу, лЫгъэ хэлъу и кьалэнхэр зэригъэзащІэр щалъагъуэм, сержант цІэр кьыфІащри, отделенэм и унафэщІу ягъэуващ.

Нэхущ Мырзэбэч игъэващ гугъуехь, хьэзаб куэд. Дзэ Пльыжьыр къикІутырт, лЫыр кьыпыжу, кІэрыхуэхэр иІэу, ауэ Іэщ Іэкіэ фІЫуэ зэщІэхъуэжьа фий бзаджэмэ зэхущытыкІэ зириту, гува-щІэхами текІуэныгъэр кьыззрихьыну фІэщхъуныгъэр фІэмыкІуэду.

1942 гъэм и гъэмахуэм Нэхущыр зыхэт епЛІанэ гвардие фочауэ дивизэр Сталинград и Іэгъуэблагъэхэм щекІуэкІ зауэ гуащІэхэм хохьэ. Мырзэбэч, езыр сержантми, взводым и командир мэхъу, Іущагъ хэлъу унафэ зыхуищІ сэлэтхэр фашистхэм ятащІоувэ, Іэмал зэрагъэутуи ятэкІэ мэкІуатэ...

Нэхущым зэман кІэщІкІэ кьрагъэуэ офицер курсхэри, лейтенант цІэр кьыфІащ. Фронтым егъэзэжри, ротэм и унафэщІ ящІ. Мыгувэу уІэгъэ мэхъу Тамбов яшэри, щагъэхьуж. Абы и уэкІэ ягъакІуэ Воронеж фронтым. 1943 гъэм и бадзэуэгъуэ маздм кьыхохутэ Курск и деж щекІуэкІа мафІэ гуащІэм. Аргуэруи уІэгъэ мэхъу. Зэрыхьужу, дзэм хохьэж.

Фашистхэр, кьызэдзэкъэкІыурэ, икІутыжырт. Абыхэм зыхащІат я кІэныр кьыз зэрримыкІынур. ИтІани ерыщу кьэныкъуакъуэрт, жылагъуэхэр зэтракъутэрт, совет цІыху лажьэншэхэр щысхьыншэу зэтраукІэрт. Мырзэбэчи я нэгу щІэкІащ бийм илажьа хьэкІэхъуэкІагъэ Іэджэ. Езыри и сэлэтхэри нэхъ зыхущІэкъур зыт - я хэкуэгъуэхэм ялъ зэращІэхьныкІ, нэмыщІхэм удыну нэхъыбэІуэ зэрырадзыныкІ. ЯпэкІэ кІуатэурэ, абыхэм къызэранэкІащ Харьков, Полтавэ, Невель...

Нэхущыр зи пашэ сэлэтхэм мызэ-мытІэу лЫгъэ щыщІащ. Фрунзе Михаил и цІэр зезыхъэ Военнэ академиер 1956 гъэм къиурхи, полковник цІэр къыфІащащ. Приволжскэ дзэ округым щІэгъэзэщІащ штабым и унафэщІ, полкым и командир къалэнхэр. Дзэ къулыкъур абы щрихьэкІащ КъуэкІыпІэ Жыхьэми.

Зыщалъхуа щыналъэм къигъэзэжри, Кавказ Ищхъэрэ округым дивизием и унафэщІу щылажьащ. 1970 гъэм Нэхущ Мырзэбэч къыфІащащ генерал-майор цІэр.

ИльэсибгъУ дэкІри, дзэм къыхэкІыжащ. Ауэ и Іэр зэтедзауэ ар зэи тЫысжакъым. Жылагъуэ лэжьыигъэхэм хэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ветеранхэм я советым и унафэщІу, щІалэгъуалэр гъэсэным жыджэру хэлэжьыхьу, республикэм щекІуэкІ Іэужьугъуэ нэхъыщхьэхэм сэбэп щыхъуу къэгъэзугурыкІуащ. Нэхущ Мырзэбэч и романи дунейм кьытехьащ. «ФІэхъус, Бахъсэн!» - аращ абы зэреджэр.

Адыгэлі хъыжьэм кьратат Хэкум и дамыгъэ лъапІэу зыкъом - Бэракъ Плъыжь ордену тІу, Вагъуэ Плъыжь ордену щы, Хэку зауэ ордены и ныпэ, етІуанэ нагъыщхэр, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ», «Іэщ Іэкіэ Зэщ Іэузэда Къарухэм хэту Хэкум къулыкъу зэрыхуищІам папщІэ» орденхэр, медаль куэд.

А цІыху гъуэзэджэр 1999 гъэм дунейм ехьжащ. Ауэ уахъытыншагъэм хьыхащ абы и фэеплъ нэхур. Нэхущ Мырзэбэч и цІэр зэрахьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым, Зеикъуэ дэт ещанэ курыт еджапІэм.

**БОРЭН Инал.**

● Текіуэныгъэ Иныр илъэс 74-рэ щрикъум ирихьэлІэу

# Нэхущ генералыр

# Налшык щызэхуос

**Мы махуэхэм Налшык щокІуэкІ шынагъуэншагъэу псэуным хуэгъэпса Іуэхуэхэр къызэгъэпэщыныкІэ XI Урысейпсо ныбжьыщІэ олимпиадэм и кІэух зэпеуэр. Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ «Дыгъафіэ къала» Творчествэмкіэ сабий академиемрэ я спортутыку зэмылІэужьыгъуэхэм щызэпоуэ ди къэралым и къалэ 18-м къикІа школакІуэ нэхъыжьхэр.**

ОЛИМПИАДЭМ хэтыну Налшык къэкІуащ ныбжьыщІи 191-рэ. Ахэр кьикІащ Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Архангельск, Волгоград, Иркутск областхэм, Еврей Автоном округым, Краснояск крайм, Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм хьыхь республикхэм. ЖыпІэнурамэ, ди къэрал иным и лъэныкъуэ псомиращ щыщ школакІуэ нэхъыфІхэр, зэпеуэм и щІыпІэ, щІыналъэ Іыхьэхэм ОБЖ-мкІэ щІэныгъэфІ къыщызыгъэлъэгъуахэр, мы махуэхэм ди республикэ дахэм и хьэщІэщ.

Абыхэм фІэхъус псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ КъБР-м щІыхэхэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр К'уэмыкъу Іэуес, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и хуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджащэгъу, Школакіуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кьызэгъэпэщакІуэ комитет нэхъыщхьэм хэт Емуэ Нинэ, «Шынагъуэншагъэм и школ» Урысейпсо сабий-ныбжьыщІэ жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и пашэ Ершовэ Надеждэ, ОБЖ-мкІэ къэралпсо олимпиадэм и кІэух зэпеуэм и кьэпщытакІуэ гупым и унафэщІ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м Педагогикэмкіэ, психологиемрэ физическэ щэнхабзэ-спорт егъэджэныгъэмкІэ и институтым и профессор МолэматІэ Ахьмэд сымэ.

Зэпеуэм хэтхэм закъыхуигъэзащ УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и министр Васильевэ Ольгэ. «Нобэ фызыхэт зэхьэзэхуэр дэтхэнэми фхуэуэгъурлын, ехьуІэныгъэ кьыфхуэзыхьын хьуну си гуапэщ, ныбжьыщІэхэ. Урысейпсо олимпиадэм и утыкум жыджэру кьыщыбгъэлъагъуэ зэфІэкІрэ щІэныгъэу вбгъэдэлъыр. Фи мурад дахэ псоми фалъэІэсыну сыныбохъуэхъу!» - итт а Зэрызыхуагъазэм.

ГъащІэр шынагъуэншэу щытыным хущІэкъу щІэблэ къэралым кьихъуэныр и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ зэпеуэм. Абы хэт ныбжьыщІэхэр университетми сабий академиеми щызэпеуэнущ, ОБЖ-мкІэ ябгъэдэлъ зэфІэкІхэмрэ щІэныгъэмрэ кьагъэлъагъуэу. А зэхъэзэхуэхэм кьадэкІуэу хьэщІэхэм ирагъэлъагъу ди республикэм, абы и кьалащхьэ Налшык и щІыпІэ дахэхэр, я нэгу зыщрагъэжь парюхэм, гуэл Іуфэхэм, Іуащхьэмахуэ лъэпэм.

Урысейпсо олимпиадэм кьрикІуахэр наІуэ кьащІынущ мэлыжьыхьым и 26-м. Абы теухуа гуфІэгъуэ зэхуэс кьыщызэрагъэпэщынущ КъБКъУ-м Сокуров Александр и цІэр зезыхьэ и мастерскоим.

**КЪАРДЭН Маритэ.**



● Зэпеуэхэр

# Кавказ Ищхъэрэм и студент нэхъыфІхэр

**УФ-м и Президент Путин Владимир 2018 гъэм и накъыгъэм къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткІэ къызэрагъэпэщауэ щІалэгъуалэм яхуэгъэза Іуэхугъуэ куэд зэфІэх «Урысейр Іэмалхэм я къэралщ» зэгухьэныгъэм. Абы игъэлажьэ проект нэхъыфІхэм ящыщщ менеджментымкІэ урысейпсо щІалэгъуалэ кубокыр - «Унафэ щІы!» зэщІалъагъуэ. Абы и ятэ Іыхьэхэр щІыпІэхэм щекІуэкІащ. Абы щытекІуэхэм я зэпеуэ иджы Псыхуабэ къыщыщызэрагъэпэщащ.**

УНАФЭ щІыным, Іуэху зехьэным хуэІэижь щІалэгъуалэр наІуэ къащІынымрэ абыхэм яГъэдэлъ апхуэдэ зэфІэкІхэм зегъэужьыныкъэ зи къалэн нэхъыщхьэ кубокым и финал ныкъуэм ирагъэблагъащ Кавказ Ищхъэрэм нэхъыфІу къыщалъыта студентхэр. Ставрополь крайм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэным, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием я еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр щызэхуэзащ РАНХиГС-м Управленэмкіэ и Кавказ Ищхъэрэ институтым. Зэхуэсыр къыщызэІуахым абы кьрихьэлІа псоми фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ Ставрополь крайм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщІым и къуэдзэ Зритнев Владимир.

- Къэралпсо зэпеуэм и кІэух Іыхьэхэм ящыщ зым фызэрыхэтымкІэ си гуапэу сныныбохъуэхъу. Кубокым и финал ныкъуэм къэсар абы хьихьауэ щытахэм я Іыхьэ пщІанэращ. Абы къегъэльагъуэ вбгъэдэлъ щІэныгъэрэ зэфІэкІкІэ фи ныбжьым ит куэдым ятэ фызэрищар, - кьыхихгъэщащ Зритневым. - Урысей Федерацэр цІыхум зиужьын папщІэ Іэмал куэд зэдэщІэ зэрералщ. Аэхэр фэркІэ зэІухащи, жыджэру къэвгъэсэбэп.

Студентхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэмрэ зэфІэкІхэмрэ набдзэгубдзаплъэу якІэлъыплъынущ зэпеуэм кьыхуэзэрагъэпэща Къэпщытакіуэ гупыр. ЩІэныгъэлІхэмрэ Іэщ Іагъэлъхэмрэ нэмыщІ, гупым хэтщ Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм щылажьэ Іуэхущ Іапіэ инхэм, щІэ власть Іэнатіэхэм я унафэщ Іхэм. Финал ныкъуэм щытекІуэхэм къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я магистратурэхэм зэрыщеджэн грантхэр кьратынущ, апхуэдэу ахэр лэжьапІэ ирагъэблагъэнущ Іуэхущ Іапіэ ехьэжьахэм.

Зи щІалэгъуэхэм псалъэ гуапэкІэ захуэзыгъэзахэм ящыщщ КъБР-м щІыхэхэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ Мокаев Ашэмэз. Ар къызэхуэсахэм кьахуеджащ зи лЫкІуэ Іэнатіэм и пашэ, министр К'ымукъу Іэуес зэпеуэм хэтхэм кьахуигъэхьа фІэхъус псалъэм. «Ди къэралым адэкІи зегъэужьыныкІэ иджырей щІэблэм кьалэныщхуэ я пщэ ильщ. ЗэхъуэкІныгъэфІхэр махуэ хьэс щокІуэкІ Іэнатіэ куэдым, фэращ Урысей къэралыщІэр зыухуэну дызыщыгугъыр. Фэ вбгъэдэлъ щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ, фхэлъ жыджэрагъэмрэ гудзакъэмрэ куэдкІэ елъытащ ди хэкум хамэ щыналъэхэм кьыщыхуащыну пщІэмрэ гулъытэмрэ, - итт абы. - «Унафэ щІы!» зэпеуэм фыхэтыну Іэмал кьыззрыфхуякъуэкІар кьэвгъэсэбэп».

Кавказ Ищхъэрэм управленэмкІэ и институтым и унафэщІ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт ЛЫыс Азэмэт студентхэм ягу кьигъэкІыжащ мыпхуэдэ зэпеуэр Псыхуабэ мы гъэм ещанэрейуэ зэрыщекІуэкІыр. Апхуэдэ зэхьыхьэ щыщ щІалэгъуалэр жыджэру хэтыну кьхьуриджащ абы икІи текІуэныгъэ кьахьыну ехъэжьауащ.

Махуэ зыбжанэкІэ екІуэкІыну зэпеуэм щытекІуэхэр кІэух зэІущІэм ирагъэблагъэнущ. Ар накъыгъэ маздм Москва щызэхашэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Промышленность

# Нэрылъагъу зыуэзщІынытгъэхэр

**2019 гъэм и ятэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым къыщІигъэкІамрэ щызэлэжьыжамрэ я уасэр нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процентш 110,4-кІэ нэхъыбэщ. Апхуэдэ екъуІэныгъэ щызэриІэр нэхъыбэу зи фІыщІэр Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэу 22-рщ. Абыхэм ящыщу 17-р и нэІэ щІэтщ КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм.**

КОМПЬЮТЕР, электронэ оптикэ Іэмэпсымэу ди щІыналъэм щагъэхьэзырым хуэдэ 4,5-кІэ хэхъуащ. НэгъуэщІ Іэнатіэхэми зэфІэкІ хъарзынэхэр къагъэлъэгъуащ - мы гъэм и ятэ мазищм тетщІыхьмэ, электрокъарум зэрелэжь пкъыгъуэу ди деж къыщыщІагъэкІыр проценти 139-кІэ, ГъущІым къыщыхьащІыкІыр проценти 121,5-кІэ нэхъыбэ ящыщщ. ЕхъулІэныгъэфІхэр диІэщ щэкІэхэр (проценти 142,9-рэ), щыгъынхэр (хуэдэ 1,7-кІэ), тхьилъымпІэ зэмылІэужьыгъуэхэр (проценти 122,5-рэ) къыщІэгъэкІын я лъэныкъуэкІи.

КъБР-м и промышленностыр апхуэдэ лъагапІэ зэрынэсар куэду я фІыщІэщ «Севкаррентген-Д», «ЭлектроПроСервис», «ЩэкІ индустрие», «Дарий», «БТК Групп Тэрч» ООО-хэм, «Волыт Іьагэм ирилажьэ Іэмэпсымэхэр къыщІэзыгъэкІ Налшык заводыр», «Кавказкабель ТМ кІапсэ завод», «Тэрчналмэс» АО-хэм, «Эрпак» ЗАО-м, нэгъуэщІхэми.

Ауэ щыхъукІи, белджылыщ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек республикэм продукцэу къыщыщІагъэкІым хуэдизтІкІэ хэгъэхъуэным екъуІэлІэуэ промышленностым щылажьэхэм пщэрыльэ ящыщІауэ щытахэр гъэзэщІынымкІэ а унэтІыныгъэм лъабжьэфІ къызэрыщызэрагъэпэщащ.

Мыдрейуэ, 2019 гъэм и ятэ мазищым рознично сату езыгъэкІуэкІхэм къызэщІрагъэубыда льэпшып псоми сом мелард 28,4-м нэблагъэ я уасэщ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 100,7-кІэ нэхъыбэщ.

2019 гъэм и ятэ мазищым къриубыдэу ди республикэм щрагъэкІуэкІа рознично-сатуэ щІыпІэ зыбжанэ зэрыщыІэм и сатум зы щІыхэм хуэзэу къыпэкІуар сом 11018-щ. 2018 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ар зэрыхъуауэ щытар сом 10427-щ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Лъэпкъым и къуэ щэджащэ

● Фэеплъ

**Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Іуэрыіуатэдж, литературэдж, критик, культуролог, тхыдэдж, жылагъуэ лэжьакІуэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием (ЩІДАА-м) и академикыу щыта, УФ-мрэ АР-мрэ щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэта Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр къыззрыпхуэу хуежьащ.** Абы щІэныгъэлІ куэд игъэхьэзыращ, кандидат, доктор диссертацэхэр пхыгъэкІынымкІэ щыІэ советым илъэс зыбжанэкІэ хэткІэрэ. И унафэм щІэта куэд филологие щІэныгъэм я кандидат, доктор хуэхэщ.

Іэбубэчыр илъэс 60-м нэблагъэкІэ щылэжьащ Адыгэ Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и къэрал институтым. Тхыгъэ 400-м, тхьилъ 20-м нэблагъэ дунейм къытригъэхьащ. Серие зыбжанэу зэкІэлъыхьа «Проблемы адыгейской литературы и фольклора» къыдэкІыгъуэм и лъабжьэр аращ зыгъэтІылъар. ТомитІ хъу «Вопросы истории адыгейской литературы», томищ хъу «История адыгейской литературы» тхьилъэр зэхэзыльхьэхэмрэ ахэр къыдэкІыгъуэм хэзыгъэзэщІрахэмрэ ящыщ зыщ. ЩІэныгъэлІым и монографие тхыгъэхэм ящыщщ «Адыгэ бзылъхугъэм и образыр адыгэ литературэм къызэрыщыгъэлъэгъуар» (1963 гъэ), «ГъащІэщІэм къыдэхъуа» (1970 гъэ), «Зыужьыныгъэм и дэкІуеипІэхэр» (1974 гъэ), «Сатырхэм я къэхъукІэ» (1981 гъэ), «Идейно-художественное становление адыгейской литературы (1930 - 1980)» (1988 гъэ), «Правда жизни - мера творчества» (1991 гъэ), «Немеркнущие звёзды» (1994 гъэ), «Очаг национальной памяти» (1999 гъэ), «ГъащІэ. Литературэ. Гъэсэныгъэ» (2002 гъэ), «Хэхэс адыгэхэм я литературэр» (2014 гъэ), томищым щызэхуэхьэса «Тхыгъэ къыхэхахэр» (2014 гъэ), нэгъуэщІхэри.

ЩхьэлахъуэмрэІэдакъэ ящыщІэкІащ Іуэтэжхэр, очеркхэр, повестхэр. Ахэр щызэхуэхьэса и тхыльхэр зыбжанэрэ дунейм кьытехьащ: «ЛЫыхъуэ мафІэ» (1998 гъэ), «Гум хэлъ мастэхэр» (2004 гъэ), «Псэ закъуэ» (1994 гъэ), «Мастэм и лъагъуэр Іуданэм и гъуэгущ» (2013 гъэ).

ЩхьэлахъуэІэбубэчыр адыгэбзэмрэ литературэмрэ егъэджэныкІ хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ, абы папщІэ хрестоматие, школ программэ щІы бжьыгэхэр зэхилъхьащ. И тхылъ щхьэхуэхэр зыбжанэрэ къыдагъэкІыжащ. Щхьэлахъуэм кьыхуагъэфэщащ «Адыгейм и ЩІыхь» медалыр, Адыгэ Республикэм щІэныгъэмкІэ и Къэрал саугъэтым и лауреатщ.

ЛЪэпкъым и къуэ щэджащэ, щІэныгъэлъэІ цІэрыІуэ Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м дунейм ехьжащ. ЩІэныгъэлІхэр кьэзыцІыхуу щытахэм, и лэжьэгъуэхэм, и лъэпкъэгъуэхэм ар зэи ящыгъупщэнукъым.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

90

**Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр**

# Цыхум и хуитыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ дэ дыкъызыщхьэщыжыни тхъумэни диIэщ

## Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ граждан щхьэхуитыныгъэхэмрэ хъумэнымкIэ 2018 гъэм екIуэкIа лэжьыгъэм теухуа и доклад

### Пэублэ псалъэ

БлэкIа илъэсхэми хуэдэу, Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм (адэкIа - Уполномоченнэм) и лэжьыгъэр иригъэкIуэкIащ «Зэхэсгъэж хэмыту, дэтхэнэ зы цIыхуми и хуитыныгъэхэм кIащхьэщыжьын» хабзэм тету.

Уполномоченнэм гъэ къэс ищI докладыр игъэхьэзыращ «Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Iэзэкуцl» 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №82-РЗ-м и 25-нэ статьям къыз эрыщыгъэлъэгъуам тету икIи мы къыкIэлъыкIуэхэр и лъабжьэу:

муниципальнэ щIыналъэхэм щекIуэкIа зэIущIэхэри хэту, цIыхухэм щахуэзэхэм хиубыдэу къыIэрыхьа информацэр;

республикэм, апхуэдэу Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм щыпсэухэм, гражданство зимыIэ цIыхухэм, нэгъуэщI къэралхэм я цIыхухэм къатахэр;

гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм Уполномоченнэр зыщIэупщIакъэм ябгъэ иткIэ къагъэхьа хъыбархэр;

цIыхухэр игъэтIысауэ щаIыгъ щIыпIэхэри яхэту, къэрал, кьинэмыщI Iуэхущапсэхэм щыщыIам абыхэм щылажьэ къулыкъущIэхэмрэ адрей цIыхухэмрэ кърата информацэр;

хабзэхъумэ Iуэхухэм ятеухуауэ зыхэта конференцэхэм, зэIущIэхэм щыгъуазэ зыщыщыхьуа материалхэмрэ хъыбархэмрэ;

Интернетри хэту, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапсэхэм къытрадзахэр.

«Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Iэхэуцl» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 25-нэ статьям и Iыхьэ 1-м тету докладыр хуагъэхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым.

Докладым къыщыгъэлъэгъуащ Уполномоченнэм цIыхухэм зэрызыкъыхуагъэза тхыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар, а тхыгъэхэм я бжыгъэмрэ я зэхэлъыкIэмрэ зэрызахъуэжыр, цIыхум и хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудыр нэхъ Iупщ1у къэзыгъэлъагъуэ Iуэхухэр, апхуэдэ хабзэншагъэхэр къыщIэхъу щхьэусыгъуэр, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр зэфIэгъэувэжыныкIэ Уполномоченнэм, къэрал, муниципальнэ органхэм зэфIагъэкIаэр.

Урысей Федерацэм и Конституцэм щыгъэуващ хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ цIыхум кьыгъэхьIпIэ зэрамыIэр, ахэр дэтхэнэмэ къызэрыдалъхьр икIи фIыгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. ЦIыхум, гражданиным и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къэпльтэныр, абыхэм тетыныр икIи ахэр хъумэныр къэралым и кьалэнщ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ Iуэхур гъэзэщIа хъун папщIэ цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Iэмалхэр къэралым къыщызэрагъэпэщ. Апхуэдэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм и Iэнатlэр икIи апхуэдэ Iуэхущапсэхэр федеральнэ Iэнатlэми Урысей Федерацэм и субъект псоми къыщызэрагъэпэщащ. Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. зэрыжиIамкIэ, уполномоченнэм и Iуэхущапсэр, хабзэхъумэ, муниципальнэ органхэри яхэту, къэрал органхэм я пщэ кьыдэхуэ Iуэхухэм хэмыIэбэу, зи хуитыныгъэхэр къызэпауда цIыхухэм кьащхьэщхэм икIи апхуэдэ хуитыныгъэхэр зэтегъэувэжныныкIэ зыкуэфащэ Iуэхухэр езым и зэфIэкIыр къигъэсбэлъэрэ ирегъэкIуэкI.

Уполномоченнэм и лэжьыгъэм кьыщелъытэ республикэм щыIэ жылагъуэ-политикэ Iуэхухэр, социально-экономикэ Iэнатlэм, цIыхухэм шынагъуэншагъэ кьахуэзэгъэпэщыныкIэ Iэнатlэм я щытыкIэр, узынщагъэр хъумэныр, егъэджэныгъэр, пенсэ Iуэхухэр, сабийхэр гъэсэныр кьызэрызэгъэпэщар. Абы и лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, гу лъымытэу къэбгъанэ хъунукъым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ игъэзащIэну КIуэкIуэ Казбек Валерий и къуэр зэрагъэувар. Къыхэгъэщыпхъэщ республикэм и унафэщIэр псалъэмакъыншэу икIи хабзэм тету зэрахъуэжар. Республикэм и Iэтащхьэу щыта КIуэкIуэ Юрий Александр и къуэр драгъэкIуэтейри, пщIэшхуэ зиIэ къулыкъу лъагэ Центрым къыщратащ, КIуэкIуэ К. В., республикэм исхэр зэрыщыгучам хуэдэу, къагъэкIуэжащ. Цыхухэм я гуапэщ абы и мурадхэр республикэм щыпсэухэм я Iуэхур дэгъэкIыным, я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щынагъэншагъэ къахуэзгъэпэщыным, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр, мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытныигъэмрэ хъумэным зэрыхуэунэтIар.

Уполномоченнэм махуэ къэс зэфIигъэкI лэжьыгъэр щыхьэт тохъуэ цIыхум, гражданиным и хуитыныгъэхэр къэралым ихъумэнымкIэ системэм абы увыпIэшхуэ зэрыщыубыдам. Ар жыдэкъуэ ядолажьэ къэрал, муниципальнэ органхэм, граждан жылагъуэ Iуэхущапсэхэм, ди республикэм щыIэ федеральнэ Iуэхущапсэхэм. Абыхэм ящыщ куэдым етIыпIауэ щыта зэгурыIуэныгъэхэм я пIалъэм пыдощ е, къэхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр къыдолытэри, зэгурыIуэныгъэщIэхэр дотхьж. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр зэрыгъэмэмыр зэманым къигъэлъэгъуащ икIи апхуэдэ лэжьэкIэр дэ адэкIи едгъэфIэкIуэнущ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Матовников Александр Анатолий и къуэм, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачёв Евгений Анатолий и къуэм гулъытэшхуэ Уполномоченнэм и Iуэхущапсэм кьызэрыхуащIыр.

Абы и щыхьэтщ Уполномоченнэр Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и деж щылажьэ Жылагъуэ советым зэрыкагъэхьар. Хабзэ хъуэу хуежьащ щIыналъэм ис цIыхухэм я хуитыныгъэхэм кьащхьэщыжыным хуэгъэза Iуэху нэхъыщхьэхэм Жылагъуэ советым и зэIущIэхэм щытепсэльыхьыныр. 2018 гъэм Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм щедгъэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ щыIэ зэфIагъэкIхэм теухуауэ Уполномоченнэм ищIа докладым. Абы теухуа псалъэмакъым хэтащ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щIыналъэ псоми щыIэхэр. Уи гуапэ мыхъупIэ иIэкъым полномочнэ лIыкIуэм дэ кьыхэтлъыха Iуэхухэр кьызэрилъытар икIи уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэщIыпхъэм, цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ граждан щхьэхуитыныгъэхэмрэ хъумэным и лъэныкъуэкIэ абыхэм ядэIэпыкъун зэрыхуейм теухуа чэнджэщхэр субъектхэм я Iэтащхьэхэмрэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэхэмрэ зэрахуигъэхьар. Зы лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, абы уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр зэкIэлъыгъэкIуэным гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну щIыналъэхэм я унафэщIхэм кьалэн ящещI, мыдрейуэ - уполномоченнэхэм яхь жэуапыр кьеIэт икIи абыхэм я лэжьэкIэр ирагъэфIэкIуэну яхуегъэув.

Iуэху еплъыкIэ пыухыкIа щыIащ «... мыхъумыщIагъэ псори къызыбгъадэкIыр властыр арауэ икIи абы ебэныпхъэу» къэзыIутыт псори цIыхум и хуитыныгъэхэм кьащхьэщыжу щыту. Уполномоченнэхэр зыпэщIэтыр властыр аракъым, атIэ цIыхум, гражданиным и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къызэпызыуд къулыкъущIэхэрщ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ «Урысей Федерацэм и субъектхэм щыIэ уполномоченнэхэм лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iэхэуцl» федеральнэ законым и проектыр гъэхьэзырыным зэрыхэтам Уполномоченнэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэрилар.

Мы документыр ягъэхьэзыру щыщIадза ялъэхъэнэм уполномоченнэм проектым хуищI дагъуэхэмрэ абы хэгъэхьэпхъэу кьилъытэхэмрэ итхащ, кьыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэм езы законыр гъэхьэзырыным хэтащ. Федеральнэ Уполномоченнэм и унафэм щIэту лъэныкъуэ куэд къызырихьэлIа зэIущIэхэр, парламент едэIуэныгъэхэр, эксперт советхэм я зэIущIэхэр екIуэкIащ. Проектым теухуа псалъэмакъым хэтащ щIэныгъэлI инэхэр, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр. Мы Iэнатlэм пыщIауэ щыIэ гугъуехьхэр зыиубгъауэ кьащIагъэлъэгъуащ федеральнэ, щIыналъэ цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапсэхэм. КIуэхуэ Къэрал Думэмрэ Федерацэмкlэ Советымрэ я комитетхэм документым щызэлъпхьажащ цIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ щIыналъэ Iуэхущапсэхэм я унафэщIэр хэту икIи абы и фIыщIэкIэ проектыр даIыгъащ щIыналъэхэм законхэр къыдэгъэкIыныкIэ я органхэм, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэм.

Уполномоченнэм и Iуэхущапсэм гулъытэшхуэ къызэрыхуащIыр апхуэдэу къегъэлъагъуэ Урысей Федерацэм и Конституцэр илъэс 25-рэ зэрырикъуам теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэм ахэр зэрыхэтар, иужькIэ къэралым и Президентым и деж зэрырагъэблагъар.

Уполномоченнэм зэтригъэуващ законхэр кьыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ властым, муниципальнэ властым цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ хъумэным и лъэныкъуэкIэ зэрадэлэжьэну щыкIэр. Абыкlэ дэIэпыкъуэгъушхуэщ Уполномоченнэм дэжь зыхуищIа цIыхуу къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щыIэхэр икIи зи къалэнхэр пщIэнэну зыгъэзащIэр. Iуэху нэхъ гугъуэхэм щытепсэльыхь Уполномоченнэм и деж щыIэ Эксперт советым и зэIущIэхэм, сыту жыIэпмэ, ягъэтIущIэхуэ зиIэ жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэхэр, щIэныгъэлIэхэр, юристхэр.

Уполномоченнэр жыджэру ядолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Граждан жылагъуэ Iуэхущапсэхэм защIэгъэкъуэнымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ яплъыIа Iуэхухэм кьыхэкIыжыну мурад зыщIахэр мамыр гъащIэм хэзэгъэжьын папщIэ ядэIэпыкъунымкIэ щыIэ комиссэм, Сабийхэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэм, хьэрычатыщIэхэм я хуитыныгъэхэм кьащхьэщыжыныкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэм

кьащхьэщыжыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

Омбудсменым и лэжьыгъэр къыгурыIуэ имыIэу пыщIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я гъащIэмрэ псэукIэмрэ. Гугъуехь пыухыкIахэр щыIэ пэтми, республикэр социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэм и Iуэгу тету нэрылъагъуу япэкIэ кIуэтащ. Абы и щIыхьэтщ валовэ щIыналъэ продуктыр нэхъыбэ зэпымыуэу зэрыхъур. КIуэкIуэ К. В. къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэм щагъэщащIэ е щагъэзэщIэну загъэхьэзыр экономикэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа проекту 80, псори зэхэту сом триллион 1,2-рэ и уасэу. Iуащхьэмахуэ щIыналъэм руда комбинат къыщызэрагъэпэщыну вольфрамрэ молибденрэ къыщIихыну икIи абы щыпсу 1000-м нэблагъэм лэжьапIэ щратыныщ. Куэд лъандэрэ псори зыпэплъа а проектыр гъэзэщIэным Iуащхьэмахуэ районым щыпсэухэм я мызакъуэу, зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIи социально-экономикэ мыхьэнэшхуэ иIэнущ.

Мэкъумэш продукцэу кьалэжьри зэпымыуэ нэхъыбэ мэхъу. Гъавэм и бавагъым хохьуэ, пхъащхьэмыщхьэрэ хадэжэкIыу кьрахьэлIэр гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу, псы зыщIагъэлъадэ щIыхэм зрагъэубгъу. Зэуэ нэхъыбэ ямыщIыфми, лажьапщIэри зэрахуэзфIэкIкIэ кьаIэт. Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъэмкIэ, гъэ кIуам цIыхухэм мазэ къэс ику иту кьаIэрыхьэ лажьапщIэр сом мин 21,7-м нэсащ (2017 гъэм - сом мин 20,163-рэ). ПсэупIэу метр зэбгъуэзнатIэ мин 433-рэ хьэзыр ящIащ (2017 гъэм елъытауэ проценти 101,5-рэ).

Урысей Федерацэм ПсэупIэмкIэ и кодексым кьызэрыщыгъэпэгъуаныкIэ, социальнэ зэгурыIуэныгъэхэм ягъэ иткIэ зи псэупIэр ирагъэфIакIуэр хуэмыщIауэ псэу цIыху гупхэм ящыщу кьалъытахэрщ. Апхуэдэу щытми, къэгъэльэгъуапхъэщ цIыху куэд, псом ягъэу бюджет Iэнатlэм пэрытхэм ящыщу, апхуэдэ гупхэм зэрызыкъуэкIа. Ауэ абыхъэм яIэ хэхъуэр псэупIэхэм я спискэм хэтыныр кьызэпаудащ икIи а хуитыныгъэхэр зэтетъэувэжьын хуейщ. Я чэзум пэплъэ адрей цIыху 345-р иджыри балигъ хуякъым, ауэ псэупIэ зэхыкъуэхэм я спискэм хэтщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щалэгъуалэм я IэхъуэхмкIэ и министерствэм кьызэритамкIэ, апхуэдэ гупхэм ящыщу зи чэзум пэплъэхэм 2017 гъэм фэтэр 90, 2018 гъэм фэтэр 93-рэ хухахащ. Ауэ ищхьэкIэ кьыщыдгъэльэгъуа спискэм ипкъ иткIэ унэ зратын хуейхэм я бжыгъэр а зэманым кьриубыдэу цIыхуи 6-кIэ нэхъ мащIэ хуауэ аращ, сыту жыпIэмэ учётым щIэуэ ягъэувэжр нэхъ мащIэ хъуркъым. ИщхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа гупхэм ящыщу нобэм ирихьэлIэу фэтэр зратын хуейхэр кьанэ щымыIэу псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным сом 1 мелардым щIигъу текIуэдэнущ. Мы Iэхъум социальнэ мыхьэнэ хэха зэриIэр кьалъытэу, сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ федеральнэ программэ зохальхъэу кьащтэн хуейщ. Апхуэдэ программэм егъелеяуэ мыхьэнэшхуэ иIэнущ Урысей Федерацэм субъектхэм ящыщу зи бюджетыр дотацэхэм нэхъ елъытахэм папщIэ. А Iэхъур дэ зыбжанэрэ кьыщыдгъэтащ Урысей Федерацэм и субъектхэм я уполномоченнэхэм я деж щIыIэ зэзэгъэуIу советхэм я зэIуцIэхэм.

Къэрал программэм кьызэрыщыгъэльэгъуамкIэ, республикэм и цIыхухэм я дежкIэ псэупIэхэр нэхъ езэгъыбгъу ящыщ папщIэ кьызэрыгуэкI фэтэру яухуэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэн, хэхъуэшхуэ зимыIэ цIыхухэм папщIэ бjoджэнду ят псэупIэхэм я рынкоым зегъэужь

# Цыхум и хуитыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ дэ дыкъызыщхьэщыжыну тхъумэну диIэщ

## Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ граждан щхьэхуитыныгъэхэмрэ хъумэнымкIэ 2018 гъэм екIуэкIа лэжьыгъэм теухуа и доклад

***(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3 - 5-нэ нап.).***

*Гу зылыдапхъэ:* Урысейм Тезырхэр егъэпшынымкIэ и федеральнэ къулыкъущапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэм щIэтщ тезырхэр щрагъэпшын колонием плIы, хабзэншагъэ ялажьеуэ шэч зыхуащIэм я Iуэхур зэхагъэкIыжу щабыгъ зы Iуэхущапlэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм хеубыдэ къуаншагъэ зылэжьа-зэр пIалъэкIэ щабыгъ районым зэхуаку Iуэхущапlэу пIы, административнэ жэуапым ирашэла цIыхухэр щабыгъ Iуэхущапlэ хэхаэу тIу, хамэ жъэралхэм я цIыхуу я гражданствэ зимыIэ цIыхуу Урысей Федерацэм и щIынальэм ирагъэкIыжну зыхуагъэувахэр щабыгъ Iуэхущапlэ хэхар, зи акъылыр зэтемыс сымаджэу суд унафэкIэ зэIэзэн хуейкэр КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хиубыдэу щабыгъ Iуэхущапlэу тIу.

А Iуэхущапlэхэм щабыгъ цIыхухэм медицинэ Iуэхутхъбзэхэр хуащIэ колониехэм я медсанчастхэм икIи аэхэр Урысейм Тезырхэр егъэпшынымкIэ и федеральнэ къулыкъущапIэм и МСЧ-7 федеральнэ кIэзонэ Iуэхущапlэм хеубыдэ.

Ищхьэкlэ кьыщыгъэлъэгъуа Iуэхущапlэхэм 2018 гъэм ику иту цIыху 2097-рэ щабыгъыу екIуэкIащ. Следствиеизэр щрагъэкIуэкI Iуэхущапlэхэм ирагъэкIыурэ тезырхэр адэкIэ япшынымкIэ Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм цIыху 234-рэ ягъэкIуащ, ялэжьа хабзэншагъэхэм ятещIыхьауэ аэхэр щабыгъынымкIэ Iуэхущапlэхэр республикэм зэрыщымыIэм кьыхэкIыу.

Тезырхэр щрагъэпшыну КъБР-м и щIыналъэм щыIэ Iуэхущапlэхэм иужьрей илъэсхэм зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ ягъэтIысаэхэр зэрыгъэкIыжащ. Iуэхущапlэхэм я щIыналъэм щыIэ Iуэхущапlэхэм ирагъэкIыурэ тезырхэр адэкIэ япшынымкIэ Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм цIыху 234-рэ ягъэкIуащ, ялэжьа хабзэншагъэхэм ятещIыхьауэ аэхэр щабыгъынымкIэ Iуэхущапlэхэр республикэм зэрыщымыIэм кьыхэкIыу.

Тезырхэр щрагъэпшыну КъБР-м и щIыналъэм щыIэ Iуэхущапlэхэм иужьрей илъэсхэм зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ ягъэтIысаэхэр зэрыгъэкIыжащ. ТешIэгъэн зи Iуэхущапlэ щабыгъ Iуэхущапlэм къратхыкIа тхъусыхафэр 12-м щыщу 9-р хабзэм къемыизгъыу тезырхэр кьыззэрытралъхэм, 4-р хабзэм къемыизгъыу видеоаппаратурэр кьыззрагъэсэбэпым, лэжьакIуэхэр зэрыпхъашэм, абыхэм залымыIэхэр зэрызэрахьэм текуэт. Пошхэм видеоаппаратурэ зэрыщагъэувамкIэ мыарэзыхэм гурагъэIуащ ар законым кьызэрезэгъыр икIи абы теухуауэ щыIэ мардэхэм щыгъуазэ ящIащ.

Тхъэусыхафэу 29-рэ республикэм и прокуратурэм едгъэхьащ абыхэм кьыщыгъэлъэгъуаэхэр законым кьызэрезэгъыр кьипщытэн икIи зыхуэфащэ прокурор унафэ трищIыкIым пащIэ. А тхъэусыхафэхэм, апхуэдэу аэхэр кьыщапщытэм прокуратурэм и лэжьакIуэхэм кьаIэрыхьа адрей тхъэусыхафэхэм ятIэ икIэ, ягъэтIысаэу щыхьэм ящыщу 16-м тралъхьа тезырхэр трахыжащ.

Следствиер езыгъэкIуэкI органхэм яхуедгъэхьа тхыгъэ 9-м щыщу зым хэпIащ икIи абы ипкъ иткIэ уголовнэ Iуэху кьэIэтын хуэмейуэ, Iуэхущапlэм и лэжьакIуэм уголовнэ жэуап щIихьын хуей хабзэншагъэ имылажьауэ кьалъытащ. Адрей тхыгъэхэм ятеухуауэ зэкIэ унафэ кьащтакъым.

КъытIэрыхьа тхыгъэхэм ящыщу 5-р кьэралым и щIыналъэ пхыдзаэхэм щагъэтIысаэу щыIэхэр Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм тезырхэр щрагъэпшыну щыIэ Iуэхущапlэхэм кьегъэдзыжьыным теуха лъэIуэхэр. Аэхэр Уполномоченнэм яхуигъэхьащ Урысей Федерацэм Тезырхэр егъэпшынымкIэ и федеральнэ къулыкъущапIэмрэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынымкIэ и федеральнэ къулыкъущапIэмрэ Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Следствиемкlэ и управленэу КъБР-м щыIэмрэ я унафэщIэхэм.

Уполномоченнэм и аппаратым, прокуратурэм, КъБР-м и Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хэтхэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, цIыхум и хуитыныгъэхэм къащхьэщыж организацэхэм я лIыкIуэхэм ирагъэкIуэкIа кIэлъыплъныгъэхэм кьагъэлъэгъуаэхэм ятеуауэ тхыгъэу 60-м щигъум Урысейм Тезырхэр егъэпшынымкIэ и федеральнэ къулыкъущапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIэхэр хэпIащ. А тхыгъэхэм кьыщыгъэлъэгъуа ныкъуасныгъэхэм я нэхъыбапIэр икIэщIыпIэкIэ Урысей Федерацэм и Конституцэм щыгъэува щэсапIэхэр зэкI имыIэу кьыщыдзыгъэпщыным егугъэн зэрыхуейр. Къэгъэлъэгъуапхъэщ ягъэтIысаэу щысхэм я тхъусыхафэхэр пыуухыкIауэ зэхэгъэкIыным дызэрегъуэгум папщIэ фIыщIэ псалъэхэр зэрыт тхыгъэхэри кьыщытIэрыхьэ зэрыщыIэр. Абы и щыхьэту кьэсхьынщ Ставрополь крайм щыIэнэйр а Iуэхущапlэм щыIэ мединцинэ Iуэхущапlэхэм ирагъэкIыжу щыгъуазэ щыгъуазэ, Абыхэм ящыщу цIыхуитIым я документхэр ягъэхьэзэрыр, пенсэ фондым ягъэхьащ икIи абыхэм пенсэхэр хуагъэуващ. Ещанэ тхыгъэм ипкъ иткIэ зыхуэфащэ документхэр ягъэхьэзэрыныкIэ зыхуэфащэ документхэр ягъэхьэзэрыныкIэ зыхуэфащэ документхэр ягъэхьэзэрыр ящыщу цIыхуитIым я документхэр ягъэхьэзэрыр, пенсэ фондым ягъэхьащ икIи абыхэм пенсэхэр хуагъэуващ. Ещанэ тхыгъэм ипкъ итк

● Уаз

# МАЗЭ ЛЪАПІЭР

**Дэтхэнэ зы мыслъымэнри къытхуэмыгъэсу дызыпэплъэ нэщІ мазэ лъапІэр къэблэгъащ. Зэкіэ зэрыхуагъэфащэмкІэ, ар накъыгъэм и тхум е и ыкім къохьэ - мазэр къэунэхуа нэужь нэщІ дыщихьэ мафуэр наІуэ къыщыхъунур. Абы ипкъ иткІэ, Іуэхум и пэжыпІэм теухуа хъыбар фэдгъэщІэнщ.**

ЯПЭМИ зэрыжьтІащи, Алыхьым къалэнитху къытщиІащ, дымыгъэзащІэмэ къытхуэмыгъуну, аэр: щэхьадэ къэхьыныр, рэмэзан мазэм нэщІыныр, нэмэз щІыныр, мылъкум сэджьт хэтыкІыныр, хьэж щІыныр. Хьэж щІыныр зытехуэр мылъку лей зиІэхращ.

Абыхэм ящыщу нобэ зи гугъу тщІынур нэщІыращ.

Рэмэзан мазэр адрей мазэхэм ещхькъым. А мазэ закъуэращ цІыхур щызыгъауэ, гъэзу мыхъумыщІэм тезышэну хущІэкъу шейтІанхэр щхьэхуимыту щыщытыр. Абы и щыхьэтщ Абу Хьурейрэ къиуэтэжа мы хьэдисыр: «Мухьэмэд бегъымбарым (Тхъэм и нэфІыр зыщІихуам) жиІащ: «Рэмэзаным и япэ жэщыр къыщысам и деж жьыбэнкъм и бжэ псори зэІуах икІи а жэщым къыщыщІэдзаеу мазэр икІыху шейтІанхэр Іэпхлъэпхуу щытынущ». Аращи, а мазэм цІыхум илажь мыхъумыщІагъэхэмкІэ шейтІаныр къуанщэкъым, атІэ аэр зи лэжьэжьр езы цІыхуращ, и псэращ, и Іиманыншагъращ.

### НэщІ зытехуэхэр

НэщІ тохуэ:

1. Мыслъымэным. Нэгъуэщ дин зезыхьэм нэщІ хуигъэувыркъым.

2. Акъылкіэ узынщэм, зи ныбжь нэсам. Акъылкіэ щыщІэныгъэ зиІэхэм е балигъ мыхъуа сабийхэм ятекуэркъым.

3. Узынщэм. УнэщІыныр уи узынщагъэм езэгъуеу щытын хуейщ. Алыхьым и псалъэу КъурІэным къыщыкІуащ: **«Фэ фщыщу хэт сымаджэми, е гъуэгуанэ тетми, апхуэдизрэ пІалъэкІэ адрей мафуэхэм ирепшынынь»**.

4. Хьейдэрэ нэфасэрэ зыбгъэдэмылъхэм. Мыр зыхуэгъэзар бзылъхугъэхэращ (мазащхь Іуэхугъуэр зэфІэмыкІауэ, е сабий ягъуэта нэужь кьабзэ мыхъужахэр нэщІ хъунукъым).

5. Зи щІыпІэ исыжхэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, зы къэрал икІыу нэгъуэщІ къэрал кІуэхэм къапэщылъ гъуэгуанэ кІыхьым ипкъ иткІэ, нэщІыр фарз ящищІыркъым. Апхуэдэхэм нэщІыр япшынынх хъунущ, ауэ щыхъукІи, гъуэгуанэр хъатемыхьылэзэм, нэщІмэ нэхъыфІщ. Алыхьым и псалъэу КъурІэным къыщыкІуащ: **«ФынэщІмэ нэхъыфІщ фэркІэ»** Іэятыр.

### НэщІым екьэІауэ гу зылъытапхъэхэр

1. НэщІыр екьэтэ пщІэуэ пшхы, ипф псоми. Ауэ уэзрынэщІыр пщыгъупщауэ, ушхэ щхьэкІэ, нэщІыр къутэркъым икІи узэрынэщІыр къыщыпщІэжа дакъикъэм шхэн щьыбгъэту, адэкІэ нэщІым пыщІэжьын хуейщ. Зыщыгъупщауэ шхэуэ пльэгъуа цІыхум игу къэбгъэкІыжын хуейщ ар зэрынэщІыр. Ауэ зыщыгъупщэжар ныбжькІэ жьы дыдэ хъуамэ е узынщагъэ зыбгъэдэмылъ гуэру щытмэ, зэрынэщІыр игу къыумыгъэкІыжу, зигъэнщІыху бгъашхэмэ, нэхъыфІщ. Ауэ нэщІыр зыхунэгъэсыну цІыхур хэшхауэ тІьагъымэ, апхуэдэм нэщІ зэрисыр игу къэдгъэкІыжыныр ди къалэнщ.

2. Удэ гъэгъам е шхыным хуейуэ епэмым и нэщІыр мэкъутэ. Ауэ езыр хуэмейуэ мэр и Іум ирихьэкІэ, нэщІыр къутэркъым.

3. Хуейуэ Іэгъуэ зыжьэдэзышэхэми я нэщІыр мэкъутэ, ауэ хуэмейуэ я тэмакъым ирихьэ щхьэкІэ, нэщІыр къутэркъым.

4. Дзэр Іуебгъэчкіи, лъыр е хущхъуэр кІуэщІым мыкІуэмэ, абы щыгъуэми нэщІыр къутэркъым.

5. Мастэр хуэм е лъынтхуэм хебгъэІуэкІи зэранкъым (ауэ Іэмал иІэхэмэ, хэщхьэж нэужьым нэхъыфІщ).

6. Іупс бзаджэр ебгъэнэхкІи нэщІыр икъутэркъым. Ауэ абы теухуауэ, Тхъэр арэзы зыхуэхъун Іиман Шафиихи «икъутэу» зэрыжиІам папщІэ, Іэмал иІэмэ, иумыгъэнэхмэ, нэхъыфІщ.

7. Ухуейуэ зыкъэбгъэжьмэ, нэщІыр мэкъутэ, ауэ ухуэмейуэ укъэжь щхьэкІэ къутэркъым.

### НэщІыр зыкъутэу пшыныжьнри кэффарэри къыптезыгъахуэхэр

1. НэщІ кьиублэрэ хущхъуэ ефэн щхьэкІэ е нэгъуэщІ щхьэусыгъуэкІэ икъутэмэ, абы ипшынынжьнуи кэффарэри къытохуэ.

2. Зэщхьэгъуэз Іэзыкіэ зэкІуалІэмэ.

3. Іугъуэ къыпыкІыу ираф лІэужьыгъуэхэм щыщ зрахьэлІэмэ.

Мис апхуэдэ Іэзхугъуэхэр зылэжьаэм пшынэни кэффарэри къатохуэ.

**Кэффарэр зищІысыр**: Тхъэм къалэн тщищІа нэщІым къемызэгъ Іуэхугъуэ зэрыхэтщІыхьам и тезыртегъэкІыу аращ. Абы лІэужьыгъуитІ иІэщ. Япэр зы пщыІІ щхьэхуит къэпщІыныр. Ауэ пщыІІ имыІэмэ, етІуанэ кэффарэр лІэужьыгъуэр егъэзащІэ: ар мазитІкІэ зэкІэлъыпыту унэщІныкрщ, хьид махуэхэр хэмыту. Мазитікіэ зэкІэлъыпыту мынэщІыкфынумэ, факъыпрэ хьщІ я ныбэ изу шхэгъуитІкІэ игъэшхэн хуейщ. Зы факъыпрэ закъуэ махуэ хьщІкІэ игъашхэми хъунущ е факъыпрэ хьщІым сэдэкъэяритмэ, ари хъунущ.

### Къэдэр жэщыр

Рэмэзаным и иужьрей махуипщІым хеуфыдэ зыхуэдэ щымызэгъ Къэдэр жэщ хуэдэр. А зы жэщ закъуэм и фІыгъуэр нэхъ лъапІэщ мазэ миным я фІыгъуэм нэхъра.

Жэщу щыІэм я нэхъ лъапІэру Къэдэр жэщырщ - ар Рэмэзаным и 27-нэ жэщым техуэу кьалъытэ. Абы щыгъуэщ КъурІэн лъапІэм щыщ Іэятхэр Алыхьым япэ дыдэу Мухьэмэд бегъымбарым (Тхъэм и нэфІыр зыщІихуам) мелыІычъ Джэбрэилі къыщыхурихьэхар.

Къэдэр жэщым псом хуэмыдэу тобэ къэхьыжын, КъурІэн нэхъыбэрэ еджэн хуейщ. А жэщ лъапІэм Тхъэм хуэпщылІ мелыІычэр апхуэдизкІэ куэд зэхъури, абыхэм я бжыгъэр Езы Алыхьым фІэкІа нэгъуэщІым ищІэркъым. А псори Къэдэр жэщым щІылъэм къохри, и курыкупсэм Джэбрэилі яхэту, нэху щыху Тхъэм йолъэІу цІыхухэм гущІэгъу къахуищІыну. А жэщым щІылъэм теуваПІэ иІэкъым, апхуэдизкІэ мелыІычэр щыкуэдщи, икІи а псори Іэдэм и быным щхьэкІэ мэлъаІуэ. Алыхьым хуэпщылІу а жэщыр зыгъакІуэ псоми, хьэдисым кьиззэрыщыкІуамкІэ, Джэбрэилі мелыІычым и Іэхэмкіэ сэлам къарех (ауэ ар дэ зыхэтщІэркъым). Лъэпр кьабыл щыхъу Къэдэр жэщ лъапІэм мелыІычу хъуар дэ щхьэкІэ мэлъаІуэ. Абы нэхъ нэхъ гущІэгъур сыт?!

● США



## Илъэси 110-рэ ирокъу

Америкэм и Штат Зэгуэтхэми, нэгъуэщІ къэрал щыпсэухэми яхэтыр мащІэ дыдэщ зи гугъу тщІы мэжджытыр зэрыщыІэр зыщІэу. Ауэ щыхъукІи, ар зэращІрэ илъэсищэрэ пщІырэ мэхъу.

Прибалтикэм хыхьэ щыналъэхэм, Польшэм, Белоруссием иІэпхъукІыу Америкэм кІуа муслъымэнхэм 1907 гъэм яухуауэ щытащ Бруклин дэт, къатитІу зэтет мэжджытыр. Нобэр къыздэсым мэжджытыр мэлажьэ.

## Хьэдисхэр

**♦ЛІыкІуэ лъапІэм (Тхъэм и нэфІыр зыщыхуам) жиІащ: «Мы дунеим зы адэ теткъым гъэсэныгъэм нэхърэ нэхъ тыгъэ лъапІэ зи быным хуэзыщыфрыну».**

**♦ЛІыкІуэм и деж зылІ къыщыхьэри, упщІэ къритащ: «Уэ уи бынхэм ба яхуэпщІрэ? Сэ яхуэсщІыркъым». ЛІыкІуэм (Тхъэм и нэфІыр зыщыхуам) жэуап итащ: «Сэ сыт пхуэсщІэфын, уэ гущІэгъу пхэмыльу Алыхьым укъигъэщІамэ?»**

**♦Алыхьым и неи щыхуащ зи адэ-анэм ящІэкІиехэм.**

**♦Алыхьымрэ Къемэт махуэр зи фІэщ хъуэхэмрэ Іыхьлъэхэр фымыбгынэ.**

**♦Унэхъуащ зэйыхьлыхэм я зэхуаку дыхьэу, ахэр зэфІэзыгъэкІуэдхэр.**

**♦Игъащіэкіэ зи гуэныхьхъызыхуэмыгъунухэр: Алыхьым и пІэ нэгъуэщІ изыгъэувэхэм, адэ-анэр къэзымылъытэхэм, зызыукІыжхэм, Тхъэ зыІуэурэ пцІы зыупсхэм.**

# Дахагъэу къигъэщІам и зэхуэдитІымкІэ зыхэтуэпса лІыкІуэр

### ЕтІуанэ Іыхьэ

Ипэкіэ зэрыщыжьтІащи, Алыхьым дахагъэу кьигъэщІам и зэхуэдитІымкІэ хуэупсат Юсуф лІыкІуэ лъапІэм. И дахагъымкІи игъэунэхужат.

Юсуф пщыІІу зраща лІым апхуэдизкІэ фІыуэ иІэгъуат гъэсэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ сабийри, адэм хуэдэу хуэхъуат. Юсуф балигъ хъуауэ лІыпІэ иува нэужь, нэхъри нэхъ дахэж хъуат.

ЛІыкІуэр зыпІа лІым и щхьэгъусэр (ари анэ пэлъытэт) апхуэдизкІэ Юсуф кьехъупсати, Іэмалу щыІэр кьигъэсэбэпыну мурад ищІащ, щІалэр зыІэригъэхьэн, абы хьэрэм игъэщІэн папщІэ.

Зы махуэ гуэрым щхьэгъусэр зэрыдэмысыр кьигъэсэбэпри, бзылъхугъэм унэм хэлъ бжэхэр псори кьигъэбыдащ. Абы теухуауэ КъурІэным къыщыкІуащ мы Іэятхэр: **«Юсуф лей кьрихьну хуежьащ унэгуащэр. Абы бжэхэр кьигъэбыдащ. «Мыдэ кьакІуэ»**, жиІащ».

ЛІыкІуэм жиІа псалъэхэр КъурІэным мыпхуэдэу кьыщыкІуащ: **«Алыхьым сыщІхъумэ хьэрэмым. СыкъэзыгъэщІаращ сэ си Пщыр, гъащІэ дахэ къызэзытари Араш. Шэч хэлъкъым хабзэм текІхэр зэрыунэхъунум»**. Ауэ Іиман щыпкъэ зыбгъэдэлъ ЛІыкІуэм и псалъэхэм щхьэкІи кьимыгъанэу, бзылъхугъэр Юсуф екІуалІэу щыщІидзэм, лІыкІуэр щІэпхъуащ, бжэ Іуха гуэр кьиІыхъуэу. Бжэхэм ящыщ зым нэса кьудейуэ бзылъхугъэр кьылъэщІыхьэри, и джанэр и щІыбагъымкІэ щызэфІитхъащ икІи кьыщитхъащ. Абы хэту, Іиманыншэ хъуа щІыбзым и щхьэгъусэм а бжэ дыдэр кьыІуихри кьыщІыхьэжащ. Юсуф и джанэр щымыгъыжу щилъагъум, щІэупщІащ: «Сыт кьэхъуар?» - жиІэри. Бзылъхугъэ бзаджэм япэ зригъэщри, жиІащ: «УэрыщІэмысыр кьигъэсэбэпри, Юсуф лей кьызихыну хэтащ». Юсуф жиІащ: «Ар пэжкъым. Алыхьым сыщІхъумэ хьэрэмым. Езыращ кьысщыхьар, Тхъэр си щхьхэтщ». Дауи, лІым и фІэщ хъурт лІыкІуэм и псалъэхэр. Ауэ щыхъуикІи, и щхьэгъусэр гьырт, бжэрт, тхьэ иІэрт кьуанщэр Юсуфу жиІэурэ. ЛІым и щхьэр хэунэзыхьат, зэрдэІуэнри ищІэжьртэкъым. Юсуф и ГъащІэм зэи пцІы иупсатэкъым. Апхуэдэу щыхъум, бзылъхугъэм и Іыхьлыхэм ящыщ зым жиІащ: «Юсуф и джанэр и гупэкІэ щызэфІэтхъамэ, кьуанщэр Юсуфщ, и джанэр и щІыбагъымкІэ щызэфІэтхъамэ, кьуанщэр уи щхьэгъусэращ». Джанэр, дауи, и щІыбагъымкІэт щызэфІэтхъар. Ар щилъагъум, бзылъхугъэм и лІым жиІа псалъэхэр КъурІэным мыпхуэдэу кьыщыкІуащ: **«Юсуф, зыщыгъэгъупщэ псори. Уэ, бзылъхугъэ, Алыхьым елъэІу уи гуэныхьыр кьыпхуигъэгъуну»**.

Зэманыр кІуатэурэ, бзылъхугъэм псори кьыхуэпсалъэ хъуащ. Апхуэдэу щыхъум, абы мурад ищІащ щІыхубзу и щІалэм щыпсэу псори кьригъэблэгъэну. Псори кьыщекІуалІэм, дэтхэнэ зыми и пащхьэм мыІэрысэ зэрылъ тепщэчрэ сэрэ иригъэуващ. Абы жиІащ: «Сэ фыкьыщІыскъуэпсалъэ щІыхухъур фэзгъэлъагъумэ, сыщІыщуам и щхьэусыгъуэр кьывгурыІуэнущ, ауэ сынывольэІу, фи сэхэр кьафщти, фи мыІэрысэхэр фукъэбэ», - лъэІащ бзылъхугъэр. Псоми кьащтащ я тепщэчым илъ мыІэрысэхэмрэ сэхэмрэ. Абы хэту бзылъхугъэм Юсуф Іэмыр хуищІащ унэм кьыщІыхьэу, Іэнэм и кІыхьагъкІэ ирикІуэну. Юсуф апхуэдэу щищІам, щІыхубзу щыса псоми я Іэпэхэм лъыр кьыппжу яІэжат, арщхьэкІэ, езыхэм ар кьащІэххатэкъым, апхуэдизкІэ аэр дихьэхат лІыкІуэм и теплъэ дахащэми.

Иужьым щІыхубзхэм жаІащ: «Е дэ дызыхуейр кьытхуэпщІэнущ е уэ лей кьыдэгъхьну уэхуэдэу жьгІэнурэ, хьэпсым урёдгъэдзэнущ». Юсуф Алыхьым зыхугъаззри, жиІащ: «Уа, си Алыхь лъапІэ! Сыщыхъумэ мыбыхэм я мурад фІейм, Уи гъэгу захуэм сытумыш. Хьэпсыр сэркІэ нэхъыфІщ, мыбыхэм сыкъызыхуяраджэм нэхърэ». Арати, щІыхубзу хъуам я зэранкІэ, Юсуф пцІы тралъхьэри, хьэпсым ирадзащ.

Зы махуи Іиманыншэ мыхъуу Алыхьым и арэзыщІынигъэм телэжьащ лІыкІуэр псэуху. Хьэпсым исхэм гу лъатат Юсуф и хьэл-щэнкІи адрей щІыхухэм зэрахуэмыдэм, Іиман щыпкъэ зэрыбгъэдэлъым, зэрыщІыху пэжым.

Зэгуэрым хьэпсым исхэм ящыщу щІалитІым пщІыхьэпІэ телъыджэ я нэгу щІэкІати, ар Юсуф хуяІуэтащ. А псалъэхэр КъурІэным мыпхуэдэу кьыщыкІуащ: **«Зым жиІащ: «Сэ си щхьэм щІакъуэ телъу, ар бзуэхэм яІуу слъэгъуащ». Уэ Алыхьым урищІыхущ, пщІыхьэм я мыхьэнэр щхьтхуэпІуэтэфыну?»** - **щІэупщІащ ахэр**.

- Сэ си адэри, си адэшхуэри, си адэшхуэм и адэри лІыкІуэу щытахэщ. Сэри сылІыкІуэщ. Алыхь Іэмыркіэ вжесІэнщ фи пщІыхьэпІэм и мыхьэнэр, - жиІащ Юсуф. Адэкіи кьипищащ: «Фэ фщыщу зым шагъыр кьригъахъуэу пащтыхьым и пщІантІэм дэтынущ, адрейр яукІынурэ, пкъом ирапхьжынущ, абы и щхьэщыгур бзуэхэм яшхьжынущ, ар Алыхь Іэмырщ». Адэкіи кьипищащ: «Фэ фщыщу пащтыхьым и пщІантІэм шагъыр кьыщезыхьэкІынрэ сэ си хьэбзар хуэфІуати, пащтыхьым игу сыкъэвгъэкІыж, си Іуэхум хэпльэжу сиутІыпщыжынкІэ хъунущ».

ЛІыкІуэм зэрыжиІам хуэдабзэу, зыр яукІащ, адрейр хьэпсым икІыжри, пащтыхьым и пщІантІэм щыпищащ и гъащІэм. ЩхьэхуитІ кьэхъужаг апхуэдизкІэ гуфІати, щыгъупщэкри, Юсуф и гугъу хуищІакъым пащтыхьым. Мис апхуэдэурэ илъэс зыбжанэкІэ исащ лІыкІуэр хьэпсым лажьэ имыІэу.

### Пащтыхьым и пщІыхьэпІэр

Зы жэщ гуэрым Мысырым я пащтыхьыр и нэгу щІэкІа пщІыхьым игъащтэри, кьэушащ. Абы иІэгъуат жэм гъуриблым жэм пшэрибл яшхьу. Пащтыхьым щІэныгъэ зыбгъэдэлъ псори зэхуишэри, еупщІащ: «Си пщІыхьэпІэм и мыхьэнэр кьызжезыІэфын кьыфхэт? Хуабжьу пщІыхьэпІэ шынагъуэщ, сыхуарыІуакъым. Асыхьэтым пащтыхьым шагъыр кьыхуизыгъахьуэу абдеж щыта щІалэм ар щІэзэхихым игу кьэкІыжащ Юсуф и псалъэхэр икІи жиІащ: «Сэ сощІэ уи пщІыхьэпІэм и мыхьэнэр къыбжезыІэфынур». «Хэт ар?» - щІэупщІащ пащтыхьыр. «Ар Юсуфщ», - жиІэри и хъыбари хуиІуэтащ. Пащтыхьым и Іэмыркіэ Юсуф деж кІуэуэ пщІыхьэпІэр щыхуаІуатэм, лІыкІуэм жиІащ: «ПщІыхьым и мыхьэнэр мыращ: «ИлъэсиблкІэ гъавэ бэв кьефхьэлІэнущ, ауэ фшхыну тІэкІум фІэкІа къэвмыгъэсэбэпу, адрейр вгъэтІылъи щывгъэлъ. ИужькІэ илъэсиблкІэ гъей щыІэнущи, а вгъэтІылъам фІэкІа нэгъуэщІ фшхын вгъэзынукъым. ИтІанэ зы илъэскІэ уэшх кьешхынущ». Ар щыІэхихым, пащтыхьым кьыгурыІуащ Юсуф адрей цІыхухэм зэрахуэмыдэр икІи унафэ ищІащ ар хьэпсым кьрашыжьыну. Арщхьэкіэ Юсуф хьэпсым кьикІыжьын идакъым. Абы жиІащ: «Сэ лажьэ симыІэу цІыхум Іейкіэ сахэІуащ. ПщІы кьыстезылъхьахэм пэжыр жамыІэжауэ сыхуеийкъым хьэпсым сыникІыжынущ. Пащтыхьым бзылъхугъэхэр псори зэхуишэру щеупщІым, псоми жэуап кьатащ езыхэр зэрыкъуаншэмкІэ, Іуэхур кьызэрыхъуари жаІэжащ. Илъэсиблым щІигъукІэ лажьэ имыІэу Юсуф хьэпсым исащ, хьэрэм имылажьын, Алыхьым и гъэгум темыкІын папщІэ.

### ЛІыкІуэр гъавэм и тет хъуащ

Юсуф тутнакъэщым кьрашыжа нэужь, пащтыхьыр абы еупщІащ: «Юсуф, кьызжеІэ узыхуейр, сэ уэ пхуэзмыщІэн щыІэкъым», - жери. Юсуф жэуапу итащ: «Мы щІынальэм гъавэу кьыщытрахыжыр сэ си пщэ кьыдэлъхьи зэзгъэгъэзахэу, нэгъуэщІ зыри сыхуейкъым». Дауи, лІыкІуэм и лъэІур пащтыхьым игъэзэщІащ.

### Юсуф и къуэшхэм зэрахуэзэжар

Ерыскъы и лъэныкъэкІэ къэралым и кьэкІуэнур Юсуф и пщэ далъхьащ. ЛІыкІуэм зэрыжиІам хуэдэ дыдэу псори къэхъуащ. Зэманыр кІуатэурэ, «илъэсиблкІэ гъей щыІэнущ» зыхужиІа зэманыр къэсащи, къэрал псори щытыкІэ гугъуэ итщ, цІыхум яшхьи ягъуэтыркъым. Ауэ Мысырым гъавэу илъыр зэзыгъэзахуэр Юсуфщ, а зы къэрал закъуэр адрейхэм йофІэкІ. Египетым и Іуэхур зытетыр щызэхахым, Юсуф и къуэшхэр я адэ Екъуб елъэІуащ: «Ди адэ, Мысырым дыгъакІуэ, дэ хьыбар зэхэтхащ Алыхьымкіэ Іиман щыпкъэ зыбгъэдэлъ щІалэм гъавэр зэрызэригъэзахуэм, зыри зэримыгъэмэжалІэм теухуауэ, дэри ди хьэтыр кьиІъагъунщ» (ауэ абы щыгъуэм абыхэм ящІэртэкъым зи гугъу ящІыр псыкъуайим ирадзауэ щыта я кІуэшыр зэрыарар). Адэр абы арэзы техуауэ, ауэ жиІащ и щІалэ нэхъыщІэ Бониамин я Іуэсэу зэримыутыпщынур, Юсуф кьыктрагъэхьауэ щыта лейм хуэдэ абыи ирамыхьи папщІэ. Япэм зэрахьа лейм хуэдэ зэрамыхьэну Тхъэ яІуами, щІалэ нэхъыщІэр абыхэм ГъусэяхуищІын идакъым адэм.

ЗэкъуэшипщІыр Юсуф и пащхьэ щиувэм, дауи, ахэр лІыкІуэм кьиІыхужат, ауэ абыхэм ар зэры-Юсуфыр ящІэрт тэкъым. Юсуфк абыхэм еупщІащ: «Зэкъуэшхэр псори фыкъэкІуа?». «Хьэуэ, иджыри зы къуэш нэхъыщІэ диІэщ, ауэ ар ди Іуэсэкъым». «АтІэ, фи къуэш нэхъыщІэр фи Іуэсэу фыкъэмыкІуэмэ, зы Гъавэ хьэдэи фэстынукъым», - жиІэри, щІигъэкІыжахэщ. Іэхэур зыІутыр адэм жраІэжащ икІи быдэу ТхъэхуаІащ Бониамин ямыгъусэу къамыгъэззэжьну. Быдэу ТхъэщІауэм, адэм Бониамин абыхэм Іуэсэ яхуищІащ. Зэкъуэш пщыкІуэри зэІуэсэу Юсуф и пащхьэ щиувэм, ЛІыкІуэм зришэлІащ къуэш нэхъыщІэ Бониамин. Быдэу зрикъуэзылІэри, гу щимыхуэжу, еупщІащ: «Сэ сыкъэпцІыхужакъэ?». «Хьэуэ», - жэуап итащ Бониамин. «Сэ сы-Юсуфщ». Бониамин и нэкІэ илъагъур и фІэщ хъуэгъэзэхуу, жиІащ: «Си къуэш Юсуф?!» - я гуфІэгъуэм кІэух иІэтэкъым Юсуфрэ Бониаминрэ, ауэ абыхэм мурад ящІащ зэкІэ адрей я кьуэшхэм зыкъэрамыгъэщІэну.

***(КІэухыр къыкІэлъыкІуэнущ).***

● УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

### Алыхьым иухар зэрихъуэкІыжьынкІэ хъуну?

НтІэ. ЦІыхур иджыри ныбэм илъу Алыхьым еубзыху абы и гъащІэр. Ар илъэс дапщэкІэ псэуному, абы и ерыскъыри, и гъащІэм кърикІуэну псори «Лъэхъуэ мэхьфуэ»-м иратхэ. Ауэ щыхъукІи, цІыхум и гугъэр химыхьжу, гурэ псэкІэ Тхъэм ельэІумэ, къыхуиухар, хуеймэ, Алыхьым зэрихъуэкІынущ. Абы и щыхьэтщ мы хьэдисыр: Мухьэмэд бегъымбарым (Тхъэм и нэфІыр зыщІихуам) жиІащ: «Алыхьым иухам зезыгъэхъуэжьыфын щыІэхъым духьэ (лъэІу) закъуэм фІэкІа».

### Сыным сурэт тепщІыхьынырислъам диным къезэгърэ?

Хьэуэ, къезэгъыркъым. Сыным сурэт тепщІыхьынырэ хьэрэмщ. ЛІыкІуэ лъапІэм и зэманым асхьабхэм яхуидэу щытакъым псэущхьэхэм я сурэтхэр зытет алэрыбгъуэгр унэхэм щІагъэлъу. Апхуэдэхэр зыщІэлъ унэм мелыІычхэр щІыхьэнукъым яжриІэу щытащ.

### Дэнэ нэхъыбэу жинхэр щыпсэур?

Алыхьым и псалъэу КъурІэным къыщыкІуащ: **«ШейтІаным ахэр (жинхэращ зи гугъу ищІыр) щиГъаурэ, щыпсэуа щІыпІэм итхуащ (жэнэтыращ зи гугъу ищІыр). Дэ абыхэм яжетІащ: «Фэ зыр адрейм фрибиинущ, фыщІепсэунри щІыращ»**. (Бэкъэрэ сурэм и 36-нэ Іэят).

Псом хуэмыдэу жинхэр щопсэу щІыпІэ бгынэжахэм, псыунэхэм, хьэмэмхэм, бгъуэнщІагъэм, къхъэхэм, бгыхэм, къищынэмыщІауэ, бззэрхэм. Бззэрым теухуауэ ЛІыкІуэ лъапІэм жиІауэ хьэдисым къыщыкІуащ: «Іэмал зэриІэкІэ, бзззрым псом япэ дыхьэхэм ящыщ фымыхъу, яужь дыдэ къыдэкІыжхэми захэвмыгъахуэ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, бззэрыр жинхэр щызззауэ щІыпІэщ».

● США

## Хьэдисхэр

**♦ЛІыкІуэ лъапІэм (Тхъэм и нэфІыр зыщыхуам) жиІащ: «Мы дунеим зы адэ теткъым гъэсэныгъэм нэхърэ нэхъ тыгъэ лъапІэ зи быным хуэзыщыфрыну».**

**♦ЛІыкІуэм и деж зылІ къыщыхьэри, упщІэ къритащ: «Уэ уи бынхэм ба яхуэпщІрэ? Сэ яхуэсщІыркъым». ЛІыкІуэм (Тхъэм и нэфІыр зыщыхуам) жэуап итащ: «Сэ сыт пхуэсщІэфын, уэ гущІэгъу пхэмыльу Алыхьым укъигъэщІамэ?»**

**♦Алыхьым и неи щыхуащ зи адэ-анэм ящІэкІиехэм.**

**♦Алыхьымрэ Къемэт махуэр зи фІэщ хъуэхэмрэ Іыхьлъэхэр фымыбгынэ.**

**♦Унэхъуащ зэйыхьлыхэм я зэхуаку дыхьэу, ахэр зэфІэзыгъэкІуэдхэр.**

**♦Игъащіэкіэ зи гуэныхьхъызыхуэмыгъунухэр: Алыхьым и пІэ нэгъуэщІ изыгъэувэхэм, адэ-анэр къэзымылъытэхэм, зызыукІыжхэм, Тхъэ зыІуэурэ пцІы зыупсхэм.**

# Накъыгъэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи къэІукІэ

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщІэкІыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, бэрэжьей | 03.27 | 04.59 | 12.13 | 16.07 | 19.08 | 20.48 |
| 2, махуэку | 03.25 | 04.58 | 12.13 | 16.07 | 19.09 | 20.49 |
| 3, мэрем | 03.23 | 04.57 | 12.13 | 16.08 | 19.10 | 20.50 |
| 4, щэбэт | 03.21 | 04.55 | 12.13 | 16.08 | 19.11 | 20.51 |
| 5, тхъэмахуэ | 03.20 | 04.54 | 12.13 | 16.09 | 19.13 | 20.53 |
| 6, блыщхьэ | 03.18 | 04.53 | 12.13 | 16.09 | 19.14 | 20.54 |
| 7, гъубж | 03.16 | 04.51 | 12.13 | 16.09 | 19.15 | 20.55 |
| 8, бэрэжьей | 03.14 | 04.50 | 12.12 | 16.10 | 19.16 | 20.56 |
| 9, махуэку | 03.13 | 04.49 | 12.12 | 16.10 | 19.17 | 20.57 |
| 10, мэрем | 03.11 | 04.48 | 12.12 | 16.10 | 19.18 | 20.59 |
| 11, щэбэт | 03.09 | 04.47 | 12.12 | 16.11 | 19.19 | 21.01 |
| 12, тхъэмахуэ | 03.08 | 04.45 | 12.12 | 16.11 | 19.21 | 21.02 |
| 13, блыщхьэ | 03.06 | 04.44 | 12.12 | 16.11 | 19.22 | 21.04 |
| 14, гъубж | 03.04 | 04.43 | 12.12 | 16.12 | 19.23 | 21.06 |
| 15, бэрэжьей | 03.03 | 04.42 | 12.12 | 16.12 | 19.24 | 21.07 |
| 16, махуэку | 03.01 | 04.41 | 12.12 | 16.13 | 19.25 | 21.09 |
| 17, мэрем | 03.00 | 04.40 | 12.12 | 16.13 | 19.26 | 21.10 |
| 18, щэбэт | 02.58 | 04.39 | 12.12 | 16.13 | 19.27 | 21.12 |
| 19, тхъэмахуэ | 02.57 | 04.38 | 12.12 | 16.14 | 19.28 | 21.13 |
| 20, блыщхьэ | 02.55 | 04.37 | 12.12 | 16.14 | 19.29 | 21.15 |
| 21, гъубж | 02.54 | 04.36 | 12.12 | 16.14 | 19.30 | 21.16 |
| 22, бэрэжьей | 02.53 | 04.36 | 12.12 | 16.15 | 19.31 | 21.18 |
| 23, махуэку | 02.51 | 04.35 | 12.13 | 16.15 | 19.32 | 21.19 |
| 24, мэрем | 02.50 | 04.34 | 12.13 | 16.15 | 19.33 | 21.21 |
| 25, щэбэт | 02.49 | 04.33 | 12.13 | 16.16 | 19.34 | 21.22 |
| 26, тхъэмахуэ | 02.48 | 04.32 | 12.13 | 16.16 | 19.35 | 21.24 |
| 27, блыщхьэ | 02.46 | 04.32 | 12.13 | 16.16 | 19.36 | 21.25 |
| 28, гъубж | 02.45 | 04.31 | 12.13 | 16.17 | 19.37 | 21.26 |
| 29, бэрэжьей | 02.44 | 04.30 | 12.13 | 16.17 | 19.38 | 21.28 |
| 30, махуэку | 02.43 | 04.30 | 12.13 | 16.17 | 19.39 | 21.29 |
| 31, мэрем | 02.42 | 04.29 | 12.13 | 16.18 | 19.40 | 21.30 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм къыдитащ.*

● Ар зэрыщытар

# Хрущёв къытхуигъэна щIэиныр

### Коммунизм зэрыдухуэнур куэдым я фIэщ хъурт

ДЭ ДЕСЭЖАЩ къэралым и Iэтащхьэр зэрылIэу е зэрытрагъэкIыу ар хэутэн зэращIым. Апхуэдизурэ дыкъэгъуэгурыкIуащ. АрщхьэкIэ иужь зэманым а хабзэ мыхъумыщIэм дыкъытекI хуэдэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, цIыхухэм зэрахэупщIыхьам къигъэлъэгъуащ илъэс 30-м щIигъукIэ СССР-м и унафэщIу щыта Сталин Иосиф и лэжьыгъар урысейхэм я нэхъыбэм - процент 65-м - зэрыдаIыгъар. ХьэIупс ящIу щыта Хрущёв Никити, Брежнев Леониди я пщIэр къаIэтыж. Хэбгъэзыхьмэ, Горбачёв Михаили, Ельцин Борисиу фIыкIэ зигу къэзыгъэкIыжхэр щыIэщ. Пэжу, ахэр ауэ жыжьэуи ялъэщIыхьэркъым УФ-м и иджырей Президент Путин Владимир (абы и тельхьэхэр процент 70-м щхьэпрокI). ИкIэм-икIэжьм къыдгурыIуэу хуежьагъэнэщ, сыт хуэдэу щымытами, ахэр къэралым зэрыхуэлэжьар.

Илъэси 125-рэ и пэкIэ, 1894 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м Курск губернэм щыIэ Калиновкэ къуажэм къыщалъхуащ Ленинымрэ Сталинымрэ яужькIэ Совет Союзым - дунейм и нэхъ къэралышхуэ дыдэм - и пашэ хъуа Хрущёв Никитэ.

ЯзыныкIуэхэм къалъитэ зэфIигъэкIа Iэхуэхэм я инагъымкIэ ар псоми ящхьэпрыкIауэ. АрщхьэкIэ адрейхэм жаIэ СССР-р лъэлъжьныр абы и деж къыщыщIидзауэ: мыгъуагъэ псори къыщежьар абы и зэманырщ...

### Сыт дыкъыIэзригъэгугъар?

«ПАРТЫМ гушхуэныгъэ хэлъу жеIэ: совет цIыхухэм я иджырей щIэблэр коммунизмым щыпсэунущ». Ахэр икIи псалъэ тарэфарэ къудейуэ щытхъым, атIэ КПСС-м и ещанэ Программэм и проектым, 1961 гъэм бадзэуагъэм и 30-м совет газет псоми къыградзам, щыщ Iыхьэщ. Иджы ауанищ хуэдизу: «1980 гъэм коммунизм яухуэну дыкъагъэгугъат, арщхьэкIэ Олимпиадэкlэ зэфIагъэкIащ». Илъэс 20-м капиталист къэрал псоми уалъэщIыхьэу абыхэм уатекIыжыфынут? Абы и мызакъуэуи, коммунизм пхуэхуэнут? Хрущёвым и лъэхъэнэгъу, режиссёр Ромм Михаил иужькIэ жиIэжауэ щытащ: «Къэралым и Iэтащхьэр щIихьэIуат. Зы зэман къэмыувIыжьыф хьуат».

Ауэ, гъэщIэгъэныращи, программэр щыщащта лъэхъэнэ коммунизмыр зэрымыжьжьэкIр я фIэщ хъурт. Мэкъумэш Iэхуэхэмкlэ министр Бенедиктов Иванрэ Хрущев Никитэрэ фIыуэ зэрыльагурэтэкIым, ауэ абыи зиумысыжауэ щытащ: «Пэжыгъэм къит хъерыр дунейм имыльэгъуа лъагапIэм нигъэсыну Хрущёв щIыхубэр къыщигъэгугъам ар къызэрыдэхъулIэнум шэч къытезыхьэр. апхуэдэ дыдэуи я фIэщ хъурт Америкэм дылъэщIыхьэу абы дызэрыщIхьэпрыкIынур».

Хэбгъэзыхьмэ, коммунизмыр зэрыдухуэфынур езы Америкэм зи фIэщ щыхъуэхэм я бжыгъэми хэхъуэрт. Секретарь Нэхъыщхьэм КПСС-м и XXI съездым щищIа докладым къыщихьащ «Нью-Йорк таймс» газетым и редакторэм ящыщ зым и псалъэхэр: «Экономикэм и гугъу тщIымэ, дэ зыхьдощIэ Совет Союзыр кьыззэрытлъэщIыхьэр. TIэу къудей къапкIэмэ, кьыптъэщIыхьэнущ. Ар зэрыптэжкьэр илъэсипщIкIэщ». Американ, европей газетхэми абы шэч къытражьжьертэкъым. А зэманым ди къэралым иIа пщIэ лъагэм хуэдэ зэи дяпэкIэ игъэтэжьынкъым.

### Абы и зэманым

ЩIыМ и япэ спутник Iэрыщыр яутIыщащ. ЦIыхур япэу зыхэршым лъэтащ. Ракетэ-ядернэ программэ зэхалъхьащ. ГуащIэрыпсэухэм фэтэрхэр ират хъуащ. Абдежи къыщыныэркъым. Урысейм и энергетикэм зэрызиужьыну программэу 2006 гъэм зэхалъхьар ихуэгъэзэщIэнутэкъым, Хрущёвым зэфIигъэкIахэр мыхъуамэ.

1959 гъэм щIыдагъэмрэ газымрэ совет экономикэм щаубыдыр процент 31-рэ къудей. Псоми япэ итар фIамыщIыр. Уегупсыс хъунут, зэгуэр шахтёру щыта Хрущёви ар игъэнэхъыщхьэну. Ауэ, итIани, аращ къэкIуэнур зейр щIыдагъэмрэ газымрэ зэрыарам псом хуэмыдэу тезыгъэчыныхьар. КПСС-м и XXII съездым щаубзыхуащ: «Ди жылагъуэр зыхуеину псори къыщIэдгъэкIын папщIэ дэ ирикъу сыткIи къызэдгъэпэщын хуейщ. Араш коммунизм хъужри».

### Лэжьакlуэхэм пщIэ яхуищIырт

Хрущёвыр куэдым яуб Сталиным и IэхуэщIафэхэр хэутэн зэрищIам къыхэкIыу. Абы пэж хэлъщ. Сталиным и зэманым цIыхур пщыгIым хуэдэу лажьэрт, Хрущёв псори къигъэтIэсхьащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, пщыхьэщхьэм сыхьэти 8 нэужьым лэжьакIуэр Iэхуэщ1апIэм къыщIэнэ хъунутэкъым. Нэхъыбэжи и мурадт: «1964 гъэм къыщыщIэдзауэ цIыхухэр хуэм-хуэмурэ хуэкIуэнущ тхьэмахуэ зэхуакум махуитху фIэкIа мылажьэным, лэжьэгъэ зэманым и кIыхьагъынури сыхьэти 6 - 7-щ». 1964 гъэм Хрущёвыр трахуа иужь апхуэдэ хабзэм щытехьэну зэманыр 1967 гъэм ягъэIэпхуащ. Ауэ, зэрыщыту къапщтэмэ, абы цIыхубэр къигъэпцIакъым.

Мы зэманым псори топсэльыхь пенсэхэм, ахэр зэрат щIыкIэм. Хрущёвым къигъэуващ къэрал пенсэхэм теухуа законым псори тепсэльыхьын хуейуэ - абы и проектыр 1956 гъэм накъыгъэм и 9-м къытрадзауэ щытащ икIи зэгъэзэхуэныгъэхэр халъхьа нэужь мазитI нэхъ дэмыкIыу къащтащ. Абы жиIэрт: «Пенсэ зэрат щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейщ. Рабочэхэм я1эрыхьэр нэхъыбэ щIын, къулыкъушхуэ зыIыгъахэм иратыр игъэмэщIын хуейщ. Ахэр апхуэдизу зэщхьэщыкI хъунукъым».

Зэрытлъагъущи, иужькIэ сыт хужамыIами, Хрущёв Никитэ гуащIэрыпсэухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, къэралым зегъэужьным хуэлэжьащ. Абы и лъэныкъуэкIэ зэфIигъэкIари мащIэкъым. Шараповымрэ хуэдэхэр къыптепльэкъуэкIыу зыгуэр къэбдгъуну, абы къулей урихъыну гугъут.

Иджы-щэ? БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухым пэжщIэкъуэхэр лъэныкъуэ ирагъэзащ. Мис итIанэщ псоми щыщIидзар.

Щхьэтечуэ жыпIэмэ, мы зэманым щытыкIэр нэхъ ефIэкIуэжащ. Абы и щIыхьэтщ къыщIэхуа губернаторхэр ягъэтIысыж зэрыхьуар. АрщхьэкIэ мы упщIэр сыт щыгъуи къыкъуэмыкIынкIэ Iэмал иIэкъым: ахэр щыдыгъуэм дэнэ здэщыIар ди хабзэхъуэмэхэр, кIэльыплъакIуэкъэпщытакIуэ бжыгъэншэхэр? Дэнэ дзэплъар Москва и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми уней лъапсэ Iэ зэрыгъэ къыщащэхум?

ГъэщIэгъэныращи, мыльку зиIэм ар игъэпIиину хущIокъу щIиуфэным и пIэкIэ. Ари блэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм зыхалъхьа хьэлщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, автомашинэ лъапIэ дыдэм исым зыри еупщIыркъым ар къызэрищэхуа ахъшэр къыздикIамкIэ.

Е хьэлэмэтыщэкъэ къэралым и дежкIэ стратегие мыхьэнэ ин зиIэ «Росгеология» IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэу щIэпхъаджагъэ хьэлъэ зэрирэжьамкIэ ягъэкъуаныщ икIи зи уняцIэр зыхъуэжа цIыхур зэрагъэувар? Араущи, зыри бгъэщIагъуэ хъунукъым, нобэ гъуэгур зэхуащIу автомобиль зэщIэфиехэмкIэ блаш къулыкъущIэр пщэдей лъэхъуэщым къыщыхутэфынущ. Дэ апхуэдэ ди нэгу щIокI.

● Мытъку

# Нахуэу икIи загъэпIийуэ

**Москва областым хыхьэ Серпухов районым и Iэтащхьэу щыта Шестун Александр иджыблагъэ суд унафэкIэ трахащ сом мелардиплщI. Газетхэр ещащ полковник Захарченкэ къыкъуаха мелардхэм тепсэлъыхьын. Мылъкуншхуэ зиIэу жэуап ирашэлIахэр нэхъыбэ мэхъу. Ауэ абыхэм а мылъкур щадыгъукIэ щхьэ ямылъагъуэ?**

ТХАКIУЭ цIэрыIуэ Поляков Юрий «Аргументы и факты» газетым зэрыщыжиIэмкIэ, псори къыщежьар социализмым и лъабжьэр щIахьуу къулейхэмрэ къулейсызэхэмкIэ жылагъуэр зэхагъэкIыну жыжь щихьа 90 гъэхэрщ.

Абы щыгъуэм мылъку зэзыпхъуэхэр зыми иубыдыртэкъым икIи къызэрригъэувыIэртэкъым. Березовскэр дигу къэдгъэкIыжьмэ ирикъунщ. Абы зыхуей псори ищIэрт. Хэбгъэзыхьмэ, ШынагъуэншагъэмкIэ Советым и секретарым и хуэдзэу зIгъэуват! Мыбдежьм гуэныхь къэтхьынщ Чукоткэм и губернатору «лэжьа» Абрамовичь Роман и гугъу дымыщIмэ - абы а къулыкъур зэрихьащ тIэу къудей фIэкIа а щIыналъэм мыкIуэу! Телъыджэщ...

Пэжщ, совет лъэхъэнэми дыгъуэхэр щыIащ. Я1эщIыкIэ псэукIащIэр зэфIэувэ къудейт, зэкIыпIэхэр куэдт. ЯщхьэкIэ лIыпIэ иува иужь Совет властыр быдзу я1эщIэтащ хьэжьвакъэжьышхэм. «Место встречи изменить нельзя» фильмым хэта лIыхъужьхэу Жегловрэ Шараповымрэ хуэдэхэр къыптепльэкъуэкIыу зыгуэр къэбдгъуну, абы къулей урихъыну гугъут.

Иджы-щэ? БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухым пэжщIэкъуэхэр лъэныкъуэ ирагъэзащ. Мис итIанэщ псоми щыщIидзар.

ЩхьэтечуэжьыпIэмэ, мы зэманым щытыкIэр нэхъ ефIэкIуэжащ. Абы и щIыхьэтщ къыщIэхуа губернаторхэр ягъэтIысыж зэрыхьуар. АрщхьэкIэ мы упщIэр сыт щыгъуи къыкъуэмыкIынкIэ Iэмал иIэкъым: ахэр щыдыгъуэм дэнэ здэщыIар ди хабзэхъуэмэхэр, кIэльыплъакIуэкъэпщытакIуэ бжыгъэншэхэр? Дэнэ дзэплъар Москва и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми уней лъапсэ Iэ зэрыгъэ къыщащэхум?

ГъэщIэгъэныращи, мыльку зиIэм ар игъэпIиину хущIокъу щIиуфэным и пIэкIэ. Ари блэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм зыхалъхьа хьэлщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, автомашинэ лъапIэ дыдэм исым зыри еупщIыркъым ар къызэрищэхуа ахъшэр къыздикIамкIэ.

Е хьэлэмэтыщэкъэ къэралым и дежкIэ стратегие мыхьэнэ ин зиIэ «Росгеология» IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэу щIэпхъаджагъэ хьэлъэ зэрирэжьамкIэ ягъэкъуаныщ икIи зи уняцIэр зыхъуэжа цIыхур зэрагъэувар? Араущи, зыри бгъэщIагъуэ хъунукъым, нобэ гъуэгур зэхуащIу автомобиль зэщIэфиехэмкIэ блаш къулыкъущIэр пщэдей лъэхъуэщым къыщыхутэфынущ. Дэ апхуэдэ ди нэгу щIокI.

● Пенсэхэр

# Лажьэхэм сыт я лажьэ?

### Абыхэм я хэхъуэхэр зэрыщытауэ къонэж

**Мылажьэу щысхэм я пенсэхэм хагъахъуэ мащIэ-куэдми. АрщхьэкIэ Iэнатlэ пэрытхэм абыхэм ящыщу зыри я1эрыхьэркъым. Апхуэдэ мызахуагъэм ди къэралым щытопсэльыхь куэд щIауэ, ауэ, зэрыжаIэщи, бгым джэдыкIэкIэ еуэ...**

АХЭР цIыху мелуани 10 мэхъу - лэжьапIэ Iут пенсионерхэр. Къэралыр абыхэм я пенсэхэм хущIагъэн хуейкъым еблэжащ, бюджетым ахъшэ зэрыхуримыкIыр тегъэущIапIэ ищIри. Арыншами, улахуэ яратыр жыхуиIэщ. ИщIэну хуейкъым я пенсэ тIэкIум апхуэдэ дыдэу мащIэ я улахуэр хальхьажмэ, зыгуэрурэ зыхэпсэукIын къудей ерагъкIэ зэрызэрагъэпэщы- фIыр.

Пэжщ, благъэкIа индексацэхэр къратыжыну къагъэгугъэ мылажьэу тIысыжа иужь. Ахэр 2016 гъэм процент 4, къыкIэлъыкIуэм процент 5,8-рэ, нэгъабэ процент 3,7-рэ хъурт. Дызэрыт илъэсым процент 7,05-рэ хуэзащ. АрщхьэкIэ зэ пхухагъахъуэмрэ мазэ къэс хуэзэр къуатымрэ зэхуэдэкъым. ЦIыхухэм сом минипщIхэр яфIэкIуэдащ. Абы щыгъуэми, индексацэм улагъэкIынущ тынш дыдэу: сом минкIэ зы лекъэ университетым укъыщIеджамэ, сом мини 5 куату зы мазэкIэ хъумакIуэу улэжьамэ, упыкIащ.

Индексацэм и закъуэкъым яфIэкIуэдар. Нэхъапэм пенсэхэм хагъахъуэрт лэжьыгъэ къезытхэм Пенсэ фондым халъхьэ ахъшэр зыхуэдизым тещIыхьауэ. Апхуэдэ щыкIэкIэ лэжьэхукIэ пенсэ зратым Iэрыхьэ хэхъуэхэр нэхъыбэ хъурт. АтIэ, сыт къагупсысар узэщIакIуэхэм? 2015 гъэм къыщыщIэдзауэ щы фIэкIа мыхъу баллым хуагъэкIуащ. Араущи, уи гъащIэ псокIэ уекъуами, баллищым ущхьэдэхьыфынукъым. ГурыIуэгъуэу жыпIэнщи, сом 200-кIэуагъэгуфIэну аращ - ахабзэ тельджэм къаруущIуэтынур щыщхьэщыкI хъунукъым.

Зэрытлъагъущи, иужькIэ сыт хужамыIами, Хрущёв Никитэ гуащIэрыпсэухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, къэралым зегъэужьным хуэлэжьащ. Абы и лъэныкъуэкIэ зэфIигъэкIари мащIэкъым.

Алыджым и Крит хьтIыгъуэ щыIэ Айос-Николаос къалэр егъэдахэ Вулизмени хыжьей цIыкIуэм. Абы метри 137-рэ и кIыхьагъщ, ауэ и куууагъыр метр 64-м нысэрохьэс. КъуэхьэпIэ лъэныкъуэмкIэ гуэлым къыщхьэщытщ къыр лъагэжэр, ауэ и къуэкIыпIэмкIэ тыкуэнхэр, шхапIэ-ефапIэ хуэдэхэр щыкуэдщ. 1867-1871 гъэхэм бгыхэм щIатIыкIа кIэнаум хыжьеймрэ тенджызымрэ зэпищIащ. Абы иужькIэ и щIыIур щыугъэ хъущ, и щIагъыр уэзфэ хъну псыуэ къэнэжащ.

КъэхутакIуэ цIэрыIуэ Кусто Жак-Ив мыбы къэкIуауэ щытащ, щIыуэпсыи и къэхъугъэ тельыджэр иджын мурадкIэ.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар*
**ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Алыдж, Крит хьтIыгу

● Футбол

# Бахъсэнрэ Къэхъунрэ я зэпэщIэтынытыгъэм щIидзэжрэ?

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым щызэхэта яп1э джэгугъуэплIым яужькIэ пашэныгъэр яубыдащ Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ Къэхъунрэ и «Керт»-мрэ. Ахэр я зэIущIэ псоми щытекIуахэщ.**

ИлъэситI-щЫ ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм бжыпIэр щаухуэзыжыгъэгъэуту щытащ Бахъсэнрэ Къэхъунрэ я командхэм. Ахэрат гъэмахуэми щIымахуэми чемпионыгъэм щIэбэныр. ЗэмандэкIри, къэхъундэсхэр мащIэу етIысэхащ, я щIыпIэм къыщалъхуауэ тегъэщIапIэ ящIа щIалэщIэхэр къыдэкIуэтеихуукIэ. Бахъсэндэсхэр, республикэм и футболист нэхъыфIхэр ирагъэблагъэурэ, нэхъ лъэщыкъуащ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ ирагъэкIуэкIа джэгугъуэиплIми щытекIуэфар «Автозапчасть»-мрэ «Керт»-мрэщ. Иджыри пыIуэхыкIауэ зыгуэрхэр жыпIэну пасэщ, ауэ абы гугъэ уегъэщI Бахъсэнрэ Къэхъунрэ я футбол зэпэщIэтыныгъэм щIидзэжауэ. Абы щыгъуэми «Керт»-р бжыгъэшхуэ защIэкIэ текIуэмэ, «Автозапчасть»-м и хьэрхуэрэгъуэхэр зэрыхигъащIэр бжыгъэшхуэ дыдэкIэщ.

Зэхьэзэхуэр хъарзынэу иригъэжьащ мы гъэм гуп нэхъыщIхьэм къыхьыхьа Прохладнэ и «Энергетик»-ми. Ар ялъ джэгугъуэщIми щытекIуэри, еплIанэращ и хьэрхуэрэгъуэм щыпэмыльэщар.

Я зэIущIэ псори ирагъэхьауэ турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэр яубыдащ Шэджэм районым и «Къундетеймрэ» «Нартанымрэ». Абыхэм къаззэрыщыхьэщыкIышхуа щыIэкъэм Псынэдахэ и «Родник»-ри.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «Автозапчасть»-м щыщ Къуэжей Азамат. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ ар 7 кьыхжаныкIащ.

Адэкlэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу зэIущIэхэм кьаригъэкIуа бжьыгъэхэм: ещанэ джэгугъуэ **«Малка»** (Малкэ) - **«Лого-ВАЗ»** (Бабугент) - **2:1**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **10:0**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - 4:3, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Керт»** (Къэхъунэ) - **1:4**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **2:3**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **2:1**, **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхьэрэ) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **5:2**; еплIанэ джэгугъуэ - **«ЛогоВАЗ»** - **«Керт»** - **1:4**, **«Нартан»** - **«Тэрч»** - **2:3**, **«Псыкуэд»** - **«Ислъэмей»** - **1:1**, **«Малка»** - **«Автозапчасть»** - **1:5**, **«Родник»** - **«Нарт»** - **1:1**, **«Энергетик»** - **«Налшык»** - **1:1**, **«Къундетей»** - **«ХьэтIохъущыкъуей»** - **3:4**, **«Спартак-Д»** - **«Акъбащ»** - **4:2**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Автозапчасть»** | 4 | 4 | 0 | 0 | 27-2 | 12 |
| 2. | **«Керт»** | 4 | 4 | 0 | 0 | 16-4 | 12 |
| 3. | **«Энергетик»** | 4 | 3 | 1 | 0 | 10-6 | 10 |
| 4. | «Малка» | 4 | 2 | 1 | 1 | 9-7 | 7 |
| 5. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 4 | 2 | 1 | 1 | 8-7 | 7 |
| 6. | «Тэрч» | 4 | 2 | 1 | 1 | 8-7 | 7 |
| 7. | «Налшык» | 4 | 2 | 1 | 1 | 7-7 | 7 |
| 8. | «Спартак-Д» | 4 | 1 | 2 | 1 | 6-5 | 5 |
| 9. | «Нарт» | 4 | 1 | 2 | 1 | 6-7 | 5 |
| 10. | «Ислъэмей» | 3 | 1 | 1 | 1 | 7-5 | 4 |
| 11. | «Акъбащ» | 4 | 1 | 1 | 2 | 8-11 | 4 |
| 12. | «ЛогоВАЗ» | 4 | 1 | 0 | 3 | 7-10 | 3 |
| 13. | «Псыкуэд» | 4 | 0 | 2 | 2 | 3-16 | 2 |
| 14. | «Родник» | 4 | 0 | 1 | 3 | 4-9 | 1 |
| 15. | **«Нартан»** | 3 | 0 | 0 | 3 | 2-12 | 0 |
| 16. | **«Къундетей»** | 4 | 0 | 0 | 4 | 7-20 | 0 |

# Накъыгъэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

***Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и «Ищщ»-гуп***

***ТIощIрэ еханэ джэгугъуэ***
**Накъыгъэм и 4**
*(щхьэт)*
«Волгарь» (Астрахань) - «Дружба» (Мейкъуапэ)
**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Чайка» (Песчанокопское)**
«Краснодар-3» (Краснодар) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)
«Черноморец» (Новороссийск)
- «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
«Ангушт» (Нэзрэн) - СКА (Дон Іус Ростов)
«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Урожай» (Краснодар)
«Академия» (Дон Іус Ростов) - «Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ)

***ТIощIрэ ебланэ джэгугъуэ***
**Накъыгъэм и 11**
*(щхьэт)*
«Биолог-Новокубанск» - «Ангушт»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Урожай»
«Спартак-Владикавказ» - «Краснодар-3»
«Динамо-Ставрополь» - «Волгарь»
«Чайка» - «Черноморец»
СКА - «Академия»
**«Дружба» - «Спартак-Налшык»**

***ТIощIрэ еянэ джэгугъуэ***
**Накъыгъэм и 18**
*(щхьэт)*
**«Спартак-Налшык» - «Динамо-Ставрополь»**
«Черноморец» - «Дружба»
«Волгарь» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Краснодар-3» - «Легион Динамо»
«Биолог-Новокубанск» - СКА
«Ангушт» – «Чайка»
«Урожай» - «Спартак-Владикавказ»

***ТIощIрэ ебгъуанэ джэгугъуэ***
**Накъыгъэм и 24**
*(мэрем)*
«Динамо Ставрополь» - «Черноморец»
«Дружба» - «Ангушт»
**«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Спартак-Налшык»**
«Легион Динамо» - «Урожай»
«Академия» - «Краснодар-3»
«Чайка» - «Биолог-Новокубанск»
«Спартак-Владикавказ» - «Волгарь»

***ЕщэщIанэ джэгугъуэ***
**Накъыгъэм и 31**
*(мэрем)*
«Ангушт» - «Динамо-Ставрополь»
«Биолог-Новокубанск» - «Дружба»
«Черноморец» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Волгарь» - «Легион Динамо»
«Урожай» - «Академия»
СКА - «Чайка»
**«Спартак-Налшык» - «Спартак-Владикавказ»**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат Еханэ джэгугъуэ***
**Накъыгъэм и 2**
*(махуэку)*
«Спартак-Д» (Налшык) - «Керт» (Къэхъунэ)
«Энергетик» (Прохладнэ) - «Нарт» (Нарткъалэ)
«Малка» (Малкэ) - «Тэрч» (Тэрч)
«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Ислъэмей» (Ислъэмей)
**Накъыгъэм и 3**
*(мэрем)*
«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Родник» (Псынэдахэ)
«Къундетей» (Шэджэм) - «Акъбащ» (Акъбащ Ищхьэрэ)
«Нартан» (Нартан) - «Налшык» (Налшык)
«Псыкуэд» (Псыкуэд) - «ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей)

# «Вагъуэ цIыкIум» фрегъэблагъэ

Ди къэралым и щIыпIэ куэдым екъупIащIыгъ я1эу зыкъыщIызыгъэльагъуэ, хэгъэгу, урысейпсо зэпеуэхэм зыбжанэрэ пашэ щыхъуа, Нартан къуажэм лъэпкъ къафэхэмкIэ щапхъэ зытрах и «Вагъуэ цIыкIу» сабий ансамблым (художественнэ унафэщIыр Къурашэ Эдикщ) концерт итыну, Къафэм и дунейпсо махуэм и щIыхькIэ.

Къафэм зэфIэкI щызиIэ ныбжьыщIэхэм я утыку итыкIэмкIэ куэд дахьэх. Абыхэм я1эльагъуэ адыгэ къафэ гъуэзджэм и дахагъэр, и мыхьэнэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхэмрэ къафэмрэ хуаIэ льагъуныгъэр.

Араущи, Налшык и Музыкэ театрым **мэлыжьыхьым и 28-м** фрагъэблагъэ. ЩыщIидзэнур **сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и правовой управленэм хабзэм пыщIа Iэхуэхэм кIэльыплъыныкIэ и къудамэм и унафэщI **Болуевэ Нинэ Магомед и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Калабековэ (Чеченовэ) Маржэнэт Мусэ и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Зауербэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Тэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм яделэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъуэмэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыныкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ях. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэныту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редактор* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу:* **Щоджэн Иннэ, Щоджэн Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниещ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.205 ● Заказ №357